ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№52 (22.960) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 24, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Европэм и чемпионатым КъБР-р хуэхьэзырщ

● Дыгъуасэ

Гъатхэпэм и 25 - 29-хэм ди республикэм щекІуэкІыну тхэквондомкІэ Европэм и чемпионатыр къызэзыгъэпэщ комитетым и яужьрей зэІущІэ зэхэтащ.

- ЧЕМПИОНАТЫР ди республикэм щрагъэкІуэкІыну къызэрытхуагъэфэщар ди гуапэ мэхъу. Тхэквондом дуней псом, ди къэралым, уеблэмэ ди хэгъуэгуми зыужьыныгъэ щигъуэтащ. Ар ди республикэм дежкІэ Іуэхущхуэщи, дымыукІытэжьи хуэдэу, спортсменхэми цІыху къызэрыгуэкІхэми гуимыхуж ящыхъуну къызэдгъэпэщын хуейщ. Дэ мызэ-мытІэу апхуэдэ цІыхушхуэхэр къедгъэблэгъащ, Іуэху инхэр ди республикэм щедгъэкІуэкІащи, хуабжьу сыщогугъ ипэкІэ диІа гъэунэхуныгъэхэм къэхэтха дерсхэр къэдгъэсэбэпыну. Министр псоми жэуаплыныгъэ зэрыфхэщи зыхэфщІэу, Іуэхум гууз-лыуз хувиІэрэ гулыытэншэу зыри къэмынэу дызэдэгъэплажьэ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий зэІущІэр кьыщцызэІуихым.

КъБР-м спортымкІэ и министр, къызэгъэпэщакІуэ гупым и унафэщІым и кІуэдзэ **Хъущт Аслъэнбэч** тепсэлъыхьащ езыр зи унафэщІ министерствэм чемпионатым зэрызыхуигъэхьэзырым, яубзыхуам щыщу зэфІагъэкІыну зыхунэсахэм. Гъатхэпэм и 25-м щегъэжьауэ ди республикэм щрагъэкІуэкІыну чемпионатым папщІэ КъБР-м и бюджетым сом мелуан 11,5-рэ, федеральнэ бюджетым сом мелуани 3,85-рэ хухахащ.

Чемпионатым хэтынущ Европэм и хэрагъуэ 28-м щыщу спортсмени 157-рэ. ТхэквондомкІэ Европей зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Прагалос Афанасиос я пашэу, хьэщІэ Іыгъ ІэпІэу щІыхь зэрыгъэшІагъэ, щыІэнущ нэгъуэщІхэри.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкІа спортсменхэм папщІэ кубокибгъу, медаль 32-рэ, фэепІэ медалу 18 ягъэхьэзыращ.

Спортсменхэм, хьэщІэхэмрэ цІыху къызэрыгуэкІхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызыхуэтынщэу къызэгъэпэщынми тепсэлъыхьащ министрыр. Абы папщІэ видеокамерхэр щІыпІэ псоми зэрыщагъэувам къинщынэмыщІауэ, хабзэхъумэ Іуэхущ1аПІэхэри жьыдэру пжьэнущ а махуэхэм. Чемпионатыр дахэу, екІуу къызэІуахынущ «Кабардинка», «Терские казаки», «Асса», «Зори Кавказа» къэфакІуэ гупхэм.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Унафэщі, УФ-м ТхэквондомкІэ и зэгухьэныгъэм и кІэлъыплъакІуэ Советым и унафэщІым и кІуэдзэ, КъБР-м ТхэквондомкІэ федерацэм и Попечительскэ советым и Іэтащхьэ **Чеченов Ануар** къыщыпсалъэм Тхэквондомкіэ Европэм и чемпионатыр Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу ди республикэм зэрыщрагъэкІуэкІыр тІуащІэу и гуапэ зэрыхъыр жиІащ. Апхуэдэуи абы и псалъэм къыхигъэщащ а Іуэхум политикэ и лъэныкъуэкІэ укъыщеплъ зэрыхъунур, къэралыгъуэ куэдым я лЫыкІуэхэр ди республикэм къызэреблагъэр, абыхэм яхуэфащэу, ди хабзэ дахэхэр ялэ иту дапежьэн хуейуэ къызэрилъытэр.

ЗэІущІэм и кІэухым республикэм и Іэтащхьэм абы крихьэлІа псори къыхуриджащ Іуэхур Іэтауэ, дахэу, гуимыхужу къызэрагъэпэщыным елІэлІэну.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Хэку и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ

УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ тридзащ нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ министр Лавров Сергей «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и ялэ нагъыщэр зэрыхуагъэфащэм теухуа укъзым. Ар ирырагъэхьэлІащ МИД-м и унафэщІым и ныбжьыр илъэс 65-рэ зэрырикъум.

Кремлым зэрыщыжаІамкІэ, дамыгъэр къыпкІуащ къэралым и сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкІыным хуищІ хэлъхьэныгъэшхэм. Нэхъ пасэу Лавровым иратауэ щытащ орденым и адрей нагъыщэхэр. Иджы абы иІэщ а орденым и нагъыщэ псори.

Урысей Федерацэм и къэрал щІыб политикэр унэтІыным къаруушхуэ езыхьэлІэ икІи куэд щІауэ дипломатие Іэнатіэм пэрыт Лавровыр дуней псом щыІэрыІуэ политикщ. Дэнэкіи къызэрыщащІыхури щІэныгъэрі зыбгъэдэлъ, зи Іуэху еплъыкІэ зиІэж дипломатущ.

Башканыр щыхахащ

Молдавием хыхьэ Гагаузие Республикэм тхьэмахуэ махуэ кІуам щыхахащ я башканыр (унафэщІыр). А къулыкъум увыну хуейуэ зыкъагъэлъэгъуат щыхуипщІым.

КъызэратамкІэ, етІуанэ ещанэ хэмыту, абы наІуэ къищІащ а къулыкъур щыхубэм я нэхъыбапІэм зыхуагъэфэщар. Ар Молдавием и Социалист партым къигъэлъэгъуа Влах Иринэщ.

Влах и телъхьэу къыщІэкІащ Іэ зыІэтахэм я процент 53-м щІигъур. Абы и ныкъуэкъуэгъу Дудгло Николай зыхьыфар 1 процентым нэблагъэщ. Ещанэ хъуар, Яниогло Валерий - проценти 7-м щІигъур зи телъхьэ хъуарщ.

Гугъэр адэжь щІэинми...

«2015 гъэм мэлыхьыхьым и 1-м къыщыщІэдзауэ Украинэм къищэхунукъым Урысейм и газыр», - жиІащ а къэралым энергетикэмрэ фІамыщІ промышленностымкІэ и министр Демчишин Владимир.

«Европэм къыщытщэху газым нэхъ рэ нэхъ льапІэу ар Урысейм къыщІелІатхын щыІэкъым», - жиІащ абы, къэралым газу жэщ-махуэм щагъэсыр мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ кубометр мелуан 20-30 хуэдизкІэ нэхъ мащІэ зэрыхъунум Іуэхур трищІыхьу. ИджыпстукІэ къагъэсэбэп кубометр мелуани 110-рэ.

«Европэ зэгухьэныгъэм къыдит газыр нэхъыбэ ящІмэ, къимыдэкІэ, апхуэдэ гъэсыныпхъэ къэдгъэсэбэпыр нэхъ мащІэ хъумэ, Урысейм, хуей-хуэмейм, газ уасэм кІэригъэхунущ, ар иригъэкІын щхьэкІэ», - зыщыгугъэр кьигъэлъэгъуащ Демчишиным. Ауэ ар зыщыгугъэмэ Іуэхур къызэрыщІидзынумрэ зэтемыхуэнкІэ хъунущ.

УФ-м энергетикэмкІэ и министр Новак Александр нэхъ пасэу зэрыжиІамкІэ, гъатхэпэм и 31-м йокІ газыр Украинэм уасэ езэгъырабгъукІэ ещэным теухуауэ Правительствэм кьищта унафэм и пІалъэр. «ЕтІуанэ мазищым Украинэм и дежкІэ газ кубометр миным и уасэр доллар 348-м нэсыну къыщІэкІынущ», - жиІащ абы.



♦Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦1898 гъэм урыс еджагъэшхуэ Поповым Александр дунейм щыяпэу радио къигупсысащ.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыным-кІэ и Іэнатіэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шенкао Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и къэрал, политикэ лэжьакІуэ **Арэшыкъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр, КъБР-м щыхь зиІэ и артист **Хъыдзэдж Борис** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыхь зиІэ и журналист **Шыдакъ Татьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦ІуэрыІуатэдж, этнолог, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ЦІыпІынэ Ахмэд** къызэралъхурэ илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Адыгэ уэрэджьакІуэ, Абхъазым щыхь зиІэ артисткэ, Адыгейм и цІыхубэ артисткэ, Къандурым и цІэр зезыхъэ саугъэтым и лауреат **Нэхей Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык къэхуауэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жщым градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Дунейм щыхъыбархэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхьилъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Лъэпкъ литературэм зегъэужьыным куэд зэрызихущІыхьам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын Джусоиты Нафи Григорий и къуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 17-м
№38-УГ

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ныбэрэ бынкІэ псори зэхуэдэщ.

Гъатхасэм щыпэрохьэ

Уэфіу екІуэкІа махуэхэр къагъэсэбэпри, Джэрмэнщык щыІэзэхэт «Агро-07» ООО-м горох щхьэантІэр гектар 37-м щыхисащ. А махуэ дыдэхэм ирихьэлІэу щІыналъэм и жылагъуэхэм ящІащ кІэртІофу гектар 44-рэ хадэхэкІ зэмылІэужьыгъуэу гектар 15-рэ.

МЭКЪУМЭШ хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ щІыналъэ управленэм хъыбар къызэрыдигъащІамкІэ, мэкъумэшыщІэхэр бжьыхьэсэ гъавэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрелажьыным хуэхьэзырщ. Къэпщтэмэ, мы гъэм бжьыхьэсэ гуэдзу районым и хозяйствэхэм гектар 530-м нэс яІэщ. ИрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, абыхэм я щытыкІэм арэзы укъещІ. Дяпэкіэ губгъуэм ирахьэлІэну щІыгъэпшэрри, гъатхэ сэгъуэр къызэрырахьэлІэну дагъэгъэсэныпхъэри яІэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

УФМС-м и къудамэм и хэщІапІэ зэпэщ

● Прохладнэ щІыналъэ

УФ-м и Іэпхъуэшапхъуэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щІыІэм и район къудамэм и хэщІапІэщІэ Прохладнэм къалэм къыщыізэІуахащ.

КъУДАМЭМ и лэжьакІуэхэм а Іуэху гуапэмкІэ ехъуэхъуну къэкІуэлІат Прохладнэ къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Кочергин Дмитрий**, КъБР-м щыІэ УФМС-м и щІыналъэ къудамэхэм я унафэщІхэр.

ЩІыхьэпІэм деж КъБР-мкІэ УФМС-м и тхьэмадэ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник **Льеиншэ МуІэедрэ** Прохладнэ районкъудамэм и унафэщІ **Устименкэ Михаилрэ** лентІ плъыжьыр зэпаупщІри къызэхуэсахэм Іуэхущ1апІэм и пэшхэм зыщаплъыхьащ икІи екІуу, зыхуей хуэзауэ къызэрызэгъэпэщар гунэс ящыхъуащ.

Управленэм и унафэщІ Льеиншэ МуІэед, унэщІэм Іэпхъуэхэм компьютер техникэ тыгъэ яхуищІащ, я лэжьыгъэр нэхъри ирагъэфІэкІуэну зэращыгугъыр, я Іуэхутхьэбзэхэр зыхуей хуэзэу, Прохладнэ щІыналъэм щыпсэуэхэмрэ ящІащ икІи жылагъуэм ирагъэгъуэт къэрал Іуэхутхьэбзэхэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ яхуэзэфІэкІ псори зэралъжьынур къыхиигъащащ.

Адэкіэ Льеиншэ МуІэед цІыхухэм деж я лэжьыгъэм теухуа хъыбархэр нэхъэсыныжьмкІэ жьыджру къаззэрыдэлажьэм папщІэ ведомствэм и щІыхь тхьилъхэр яритащ «Прохладненские известия» районгазетым и редактор нэхъыщхьэ Даврановэ Светланэрэ «Вести Прохладного» къалэ газетым и редактор Шередегэ Сергейрэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● ПщІэ

УФ-м и Президентыр Тырныауз къалэм щыщ нэхъыжьыфІым йохъуэхъу

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм тылым щылажьа, гуащІэдэкІым и ветеран Башковэ Зинаидэ и ныбжьыр илъэс 95-рэ ирикъуащ.

УРЫСЕЙМ и Президент Путин Владимир къыбгъэдэкІ хъуэхъу телеграммэмрэ «1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Текіуэныгъэр къызэрыщытхьрэ илъэс 70 ирокъу» юбилей медалымрэ абы иратыжащ Тырныауз къалэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэхэу Азубэч МуІэедрэ Ахматов Маратрэ икІи къыщалъхуа маратрэ Дзэ Плъыжьым и хуэр зыгъэпэлъэпІэм узынщагъэ быдэ, насыпІ, зэпэщащныгъэ иІэну екъуэхъуахэщ.

И ныбжьыр хэтІэсами, Башковэ Зинаидэ зауэм и лъэхъэнэр фІы дыдэу ещІэж. Совет Союзым фашистхэр къызэрытеуа хъыбарыр къыщыІуам щыхуб щІалэр Смоленск областым щыпсоурт икІи пэщІэдзэ классхэр абы щригъаджэрт. «Бийм дыщаубыда, иужькІэ хуитдыкъыщащІыжа илъэхэми егъэджэныгъэр зэпыдгъэуакъым, - игу къеГъэкІыж зи щхьэцхэр тхьуГъэм зэщІищта егъэджакІуэм, - сабийкэр тхэфу, еджэфу едгъасэрт щІыхуб-бэмрэ Дзэ Плъыжьым и зауэлІхэмрэ я кьарур ди фІэщ хъуурэ». 1945 гъэм щыІа Текіуэныгъэм и хъыбарыр абы школым кІыщищІащ - накъыгъэм и махуэ хуабэхэм ящыщ зым хуабжьу пІейтея егъэджакІуэр классым щІэльадэри зауэр зэриухар псоми яжриІащ.

Башковэ Зинаидэ зауэ нэужьым Тырныауз къалэм къэІэпхъуащ икІи и Іэщ1агъэм пэрытыным абы щыпищащ. ПэщІэдзэ школым и егъэджакІуэу пенсэм кІуэху ар лэжьащ.

ТАРИМ Алисэ,
Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-къулыкъум и Іэтащхьэ.

Куэдым топсэлъыхь

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэтхэм я зи чэзу зэхуэсыгъуэр гъатхэпэм и 21-м Черкесск къалэм щекІуэкІащ. Абы хэтащ Гъэзэщакіуэ гупым щылажьэху Тырныауз, Сириеи, Иорданиеи, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Щэрджэс республикэхэм, Шапсыгъым, Мэздэгу щыщхэр, зи гупсысэр, Іуэху еплъыкІэр къагъэлъэгъуэну кърагъэблэгъахэр.

ЛЪЭПКЪЫР зыгъэпІейтей Іуэхухэр зэпкърыхьным, абыхэм я эжІынІэхэр убыхуным, СХъР-м къикІыжу хэкум къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъуэхэр я адэжь щІыналъэм хэсыхьажьым, адыгэ псоми я эдай алырбей зэхэлъхьэным, Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 151-рэ зэрырикъум теухуа зэхьыбэхэр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми тепсэлъыхьащ къызэхуэсахэр.

Гъэзэщакіуэ гупым и лэжьыгъэр къызэІуихащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. ЗэІущІэм кърихьэлІащ икІи Іуэху купщІафІэ куэд къадэхъуну Хасэшхуэм хэтхэм ехъуэхъуащ КъШР-м и премьер-министр **Къардэн Мурат**.

ДАХ-м и Хасащхьэм хэтхэм я зэхуэсыр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Черкесск къалэ

● Іуэхущ1апІэ

Щ1эблэм ядолажьэ

«Урысейр тхъумэн папщІэ, дэ псори дыззэкъуэувэн хуейщ» фІэщыгъэм щІэту къэралым и волонтер зэщІэхъееныгъэм и щыналъэ къудамэм республикэм и курыт еджапІэхэм зэІущІэхэр щрегъэкІуэкІ.

НАПШЫК дэт гимназие №6-м щеджэхэм волонтерхэр иджыблагъэ яІущІащ. Абыхэм я зэпсэлъэныгъэр хуэунэтІат Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум. Апхуэдэу еджакІуэхэр хагъэгъуэзащ волонтерхэм я зэщІэхъееныгъэм къызэщІиубыдэ пЫэныкъуэхэмрэ мы зэманым кърахьэлІэ лэжьыгъэм иІэ мыхьэнэмрэ. Къищынэмыщ1ауэ школакІуэхэм и гугъу хуащІащ зауэм хэта ветеранхэм папщІэ зэфІагъэкІ Іуэху щхьэпэхэм, Накъыгъэм и 9-р къэсыху кърахьэлІэну Іуэхугъуэхэм.

Къызэгъэпэщакіуэхэм дэтхэнэ зы еджакІуэри къыхураджащ ди къэралым и щхьэхуитыныгъэм псэемыблэжу щІэзэуахэм я махуэ лъапІэм екъэлІауэ щыналъэ еджамэм къызэригъэпэщ Іуэхугъуэхэм жьыджру хэтынхэу, зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ гъэбыдэным телэжьэнхэу.

Волонтерхэр тепсэлъыхьащ зэщІэхъееныгъэр къызэрыунэхурэ ди щІыналъэм щызэфІаха Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм, псэкупсэ гъэсэныгъэм, Хэкур, лъахэр фІыуэ лъагъунэ зэрыхуейм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Балигъ мыхъуахэм я ІуэхукІэ

● Абы дегъэпІейтей

Балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкіэ, абыхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкіэ КъБР-м и Правительствэм и деж щыІэ комиссэм и зэІуцІэ екІуэкІащ. КІэлъыплъыр зимыІэ ныбжьыщІэхэм я Іуэхум, балигъыпІэ имыувахэм ялэжь щІэпхъаджагъэхэр зыхуэдэм тепсэлъыхьащ, 2015 гъэм щІапхъэ-лэжьыпхъэхэр ябзыхуащ. ЗэІуцІэр иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Емуз Нинэ.

КъБР-м и МВД-м полицэм и щІыпІэ уполномоченнэхэмрэ балигъыпІэ имыувахэм я Іуэхухэмкіэ подразделенэхэмрэ лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкІэ и къудамэм и унафэщым и къуэдзэ Ащхъуэт Аслъэн тепсэлъыхьащ зи гугъу ящІынум текуауэу ялэжьхэм, къагъэсэбэн Іэмалхэм, бжьыгъэ щхьэхуэхэрэ кьигъэнэІуащ.

- Ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ балигъыпІэ имыувахэм къалэщІэщІэ щІэпхъаджагъэр гъэмэщІэныр, хабзэм къемызагъ Іуэху зылэжьхэм нэгъуэщІ ныбжьыщІэхэр зыхамышэнымк дыкІэлъыплъыныр, - жиІащ абы икІи нэхъыбэу щІэпхъаджагъэ щалэжь щІыпІэхэр къриІуащ - Май, Тэрч, Бахъсэн районхэр. Куэдрэ ялэжь щІэпхъаджагъэщ балигъыпІэ имыувахэм автомобиль къадыгъыныр, наркотик ящэн-къащэхуныр. Ащхъуэтым кьыхиГъэщащ балигъыпІэ имыувахэм ялэжь щІэпхъаджагъэхэм я бжыгъэр 2014 гъэм процент 26,4-кІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар. 2013 гъэм щІэпхъаджагъэ 21-рэ щалэжьащ Тэрч районым, илъэс кІуам 9 къыщІагъэщащ. Май районым 2013 гъэм - 25-рэ, 2014 гъэм - 21-рэ.

-Мыхьэнэшхэ иІэщ ныбжьыщІэхэр хабзэм къемызэгъ Іуэхухэм хэзышэу зыгъэлъэпэрапэ балигъхэр къыщІэгъэщыным. Апхуэдэу, УФ-м и УК-м и 150-нэ статьямкІэ илъэс кІуам дыхэплъащ уголовнэ Іуэху 18-м. 2014 гъэм ныбжьыщІэ гупым ялэжьауэ щІэпхъаджагъэ 22-рэ къыщІэщащ. Илъэсым и кІуэцІкІэ учетым дгъэуващ ныбжьыщІэ щІэпхъаджащІэ гуп 17. 2015 гъэм щІышылэм и 1-м къыщэрабжамкІэ, ПДН-м и учетым щытщ чэфу ябгуащ ныбжьыщІэ 35-рэ афиянхэкІ зэрыхьэлІауэ 9-рэ. Псори зэхэту 2014 гъэм хабзэхъумэ ІуэхуцІапІэхэм ирашэлащ чэфу ныбжьыщІэ 285-рэ. Дадолажьэ Іуэхум пыщІа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, дин Іуэхуцапіэхэм, жылагъэ зэгухэзэныгъэхэм. 2014 гъэм кьриубыдэу шкохъэм щІагъэтІысхьажащ ар ныбгына еджакІуэ 43-рэ. Кьагъуэтащ щхьэрыгуГыпщу дэт ныбжьыщІэ 258-рэ. Абыхэм ящыщу 67-р сымаджэщым щІагъэгъуэлъхьащ, 56-р - социальнэ Іуэхуцапіэхэм яшащ, 137-р - адэ-анэхэм иратыжащ.

Кьэпсэлъэм кьыхигъэщащ республикэм гъэсэныгъэ-ущиныгъэ мыхьэнэ зиІэ Іэуэщ Іэхэр зэрыщрагъэкІуэкІыр.

- ЩІэблэр хэкупсэу гъэсэнымкІэ сэбэп дыхъун папщІэ, илъэс кІуам кьриубыдэу кьызэдгъэпэщащ зэпеуэ 92-рэ. Апхуэдэхэщ, школакІуэхэр зыхэта «УФ-м и Конституцэр», «ЛІыхъужьыгъэм и дерсхэр», «Унагъуэ узынщэ», «Наркотик здэщымыІэ дуней» зыфІэтщахэр, нэгъуэщІхэри, - жиІащ абы.

Псалъэм кьыпищащ КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, щІыхухэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**.

- 2015 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьалІэу, социальнэ къыщхьэщыжьынгъэмкІэ Іуэхуцапіэхэм я учетым щытащ сабий 1443-рэ унагъуэ хуэмышІахэм щапІу 578-рэ.Ахэр бын куэд зиІэ, адэ е анэ зыщхьэщымытыж, сабий ныкъуэдыкъуэ зиІэ унагъуэхэрщ. Абыхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ балигъ мыхьуахэм папщІэ щыІэ «Нэмыс» республикэ социальнэ-реабилитацэ центрым, «Унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныкІэ центр» къэрал Іуэхуцапіэу Нарткъалэ дэтым, сабийхэм я социальнэ реабилитацэкІэ «Радуга» центрым. 2014 гъэм кьриубыдэу «Нэмыс» Іуэхуцапіэм щыІащ зи гугъу тщІы ныбжьыщІэхэм хуэдэу 159-рэ. «Унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ дэІэпыкъуныгъэ етыныкІэ» центрым екІуэлІащ цІыху 4253-рэ. «Радуга»-р иджырей техникэхэмкІэ зэщІэнуэдащ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм щадоІэпыкъу. Илъэс къэс абы социальнэ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт сабий ныкъуэдыкъуэу мини 3-м нэблагъэм.

Тюбеевым жиІащ 2014 гъэм кьриубыдэу «сабийхэм я дзыхь зрагъэз телефоным» 726-рэ цІыхухэр зэрыпсэльар. Абыхэм ящыщу министрым кьыхигъэщащ сабийм гущІэгъуншагъэ зэрыкІэлъызэрахьэм и Іуэхукіэ - 19-рэ, бын, адэ-анэ зэхущытыкІэ гугъухэм я Іуэхукіэ 20-рэ, сабийм и ныбжьэр гущІэгъуншэу кьызэрыхущытым и Іуэхукіэ - 37-рэ кьызэрыпсэлъахэр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэ **Асанов Алим** и псалъэхэм кьыхигъэщащ Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэр социальнэ кьыщхьэщыжьынгъэмкІэ республикэм щыІэ Іуэхуцапіэхэм, министерствэ щхьэхуэхэм зэрадэлажьэр. Гулытэ лей хуащІ балигъыпІэ имыувахэм фадэрэ наркотикрэ зрамыхьалІэным. Наркологическэ диспансерым и поликлиникэм хэтщ абы зи лэжьыгъэр теуХуэ «Унагъуэ» центрыр. 2009 гъэм Наркодиспансерымрэ ДУМ-рэ зэгурыІуащ мы Іуэхум теухуауэ зэдзэлажьэну. «Подросток» амбулаторнэ центрыр ядолажьэ КъБР-м щІэблэр гъэсэнымрэ и узыншагъэр хъумэнымрэ зи къалэн Іуэхуцапіэ псоми.

2014 гъэм кьриубыдэу социальнэ къыщхьэщыжьынгъэмкІэ Іуэхуцапіэхэм, МВД-м, сымаджэщхэм кьраршри «СПИД-мрэ инфекцэ узыфэхэмрэ пэщІэтынымкІэ центрым», Республикэ сабий сымаджэщым ирашэлащ щІыхуи 156-рэ. Абыхэм ящыщу илъэс иримыкъуауэ сабий 18, 1-6 ныбжьым иту - 49-рэ, илъэси 7-10 хьууэ - 35-рэ, 11-17 я ныбжьу - сабий 54-рэ. Псоми педиатр якІэлъыплъащ, инфекцэ узыфэ яхэтмэ къахутащ. Сабий 23-м я узыншагъэмкІэ шынагъуэ щыІэти, икІэщІыпІэкІэ ядэІэпыкъуащ, - жиІащ министрым и къуэдзэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм и деж сабийм и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэ Іуэгъуэ Светланэ щІэупщІащ балигъыпІэ имыувауэ уэндэгъу хъуа ныбжьыщІэхэм теухуауэ министерствэм сыт хуэдэ лэжьыгъэ щрагъэкІуэкІми.

- Илъэс кІуам кьриубыдэу апхуэдэ щытыкІэм ихуахэм я бжыгъэр 194-рэ хъурт. Сабий 93-рэ абы иЛыкІащ. Сыт хэкІыпІэу къэфІыытэр? - щІэупщІащ Іуэгъуэ Светланэ.

Асанов Алим жиІащ 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьэн зэрыщыщІидзар балигъыпІэ имыувауэ уэндэгъу хъуахэм, апхуэдэуи сабий цІынэ зиІэ ныбжьыщІэхэм я хъыбар SMS-кІэ здебгъэхь хуэ номерым, министерствэр бзылъхугъэ уэндэгъуэхэм медицинэ хуэІуХуэщІэ яхуэзэфІэзыхьхэм зэрыдэлажьэр.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкі, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм щІалэгъуалэм я Іуэхэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ **Водопьянов Александр** кьигъэнэІуащ мыпхуэдэ бжыгъэхэр: - муниципалитетхэм комиссэхэм щрагъэкІуэкІащ зэІуцІэ 247-рэ, ныбжьыщІэхэр зыхэта гъэсэныгъэ-ущиныгъэ зэхьэзэхуэу - 680-рэ. Илъэс кІуам кьриубыдэу комиссэр хэплъащ абы хуагъэхьа тхьэусыхафэ 254-м: балигъыпІэ имыувахэм кьрагъэхьауэ 25-м, адэ-анэхэм кьатхауэ 146-м, нэгъуэщІхэми.

ЗэІуцІэм и кІэухым яубзыхуащ 2015 гъэм зэлэжьынур. Абы и Іуэхукіэ хьэпсэлъащ комиссэм жэуап зыхь и секретарь **Текуев Аслъэн.**

НАФІЭДЗ Заремэ.

ГуфІэгъуэм зыхуагъэхьэзыр

Гъэ къэс гъатхэпэм и 28-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапІэ балъкъэр лъэпкъыр къэщІэрэщІэжьыным хухаха махуэр. Ар Сталин и зэманым зи щІыналъэр зрагъэбгына балъкъэрхэм я Хэкум кьыщагъэзэжа, абыхэм зыкъауэжьыжьыным щІэдзапІэ хуэхъуа гъатхэ махуэшхуэщ.

ІУАЩХЬЭМАХУЭ лъапэ щыІэнущ зэхьхьэ, фестиваль, концерт, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Гъатхэпэм и 24 - 27-хэм Іуащхьэмахуэ лъапэ и сабий-ныбжьыщІэ бгылъыжэ школым Адау губгъуэм щрагъэкІуэкІынущ бгы-ныжэ спортымкІэ зэпеуэ. А зэхьхьэхэм хэтынущ туристхэмрэ а щІыпІэм зыщызыгъэпсэхуэхэмрэ. Іуащхьэмахуэ къуажэ администрацэм гъатхэпэм и 28-м Чегет губгъуэм махуэшхуэ концерт кьыщызэригъэпэщынущ, хьэщІэхэмрэ зыгъэпсэхупІэм щыІэхэмрэ папщІэ ягъэхьэзырынущ лъэпкъ шхыныгъуэхэр.

Кавказ Ищхьэрэм и Географие зэгухэныгъэми (СКГО) кьыщыцнэху махуэр игъэлъэпІэнущ абы ирихьэлІэу. СноубордкІэ, бгы лыжэкІэ къэзыжьхьыну гупыж зыщІхэр а Іуэхум пщІэншэу хуагъэсэнущ зэгухьэныгъэм хэтхэм, «Мир» станцым (метр 3500-рэ зи лъагагъым) фэилъхьэгъуэ зэхуэмыдэхэр ящыгъуу кьехьынущ, фащэ нэхьыфІ зыщыгъыжкІэ зэпеуэм хьхьэу.

Пщыхьэщхьэм СКГО-м Чегет губгъуэм Іэнэ щигъэувынущ. Абы гупыж зыщІ псори ирагъэблагъэ.

«Іуащхьэмахуэ зыгъэпсэхупІэ» ОАО-м и пресс-Іуэхуцапіэ.

● ТхылъыщІэ

Хабзэм ирилэжьэну хуейхэмкІэ ар щапхъэщ, -

жеІэ Крашенинников Павел юрист цІэрыІуэ Къалмыкъ Юрий теухуауэ

Москва щыІэ «Статут» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІ «Российские цивилисты Новейшего времени» серием щыщу дунейм къытехьащ «Ю. Х. Калмыков. Избранное» тхылъыр. Ар зэхэзыгъэувари, щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ редактор лэжьыгъэр зи кьалэну щытари Къалмыкъым и гъэсэнхэм ящыщ Крашенинников Павелщ. ЗэрыфщІэщи, ар зы зэманкІэ УФ-м юстицэмкІэ и министру щытащ, юридическэ щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ.

МЫ ЖЫТІАР хъыбар кІэщІу ди газетым тетыгъащ. Сыт а тхылъым нэхъ пыухькІауэ и гугъу фхуэтщІыну щытетхуэр? Ди лъэпкъэгъу Къалмыкъ Юрий щІэныгъэ бгъэдэльамрэ абы далъэгъуэ хьэл-щэнымрэ щапхъэу кьэзыльтытэм и псалъэр фи деж нэтхьэсыл папщІэщ.

Зи гугъу тщІы тхылъым и пэублэ псалъэм Крашенинниковым щыжеІэ лІэщІыгъуэ блэкІам и 80-90 гъэхэм жылагъэ, къэрал Іэхухэр зыубзыхуа, а зэманым къэхъун хуея зэхъуэкІыныгъэхэмкІэ щІыхубэр зышІыгъуэ. уеблэмэ лъэхъэнэм и лІыхъужьу къалъытэу щыта щІыху гъуэзэджэхэр къэрал утыку зэриІэтащ. «Абыхэм ящыщ куэд псэужкъым, ауэ вагъуэ ужьыхам кьыпих нэхум хуэдэу, абыхэм дагъэлъагъу езыхэм ягъэбелджылауэ щыта хъуэпсапІэхэм дызэрыхуэкІуэн хуей щыкІэр», - етх Крашенинниковым.

Урысыбзэ зэрытхамкІэ псалъэуха зыбжанэ къэсхьынут, Юрий теухуауэ зыбжанэ ящыщ ящыІут дыдэу фи деж нэсхьэсын папщІэ.

«Одним из таких людей, несомненно, был Юрий Хамзатович Калмыков. И дело не только в том, что он, как юрист высочайшей квалификации, принимал участие в закладывании основ правовой системы демократического государства. Юрий Хамзатович обладал именно теми качествами, которые люди хотели видеть в представителях юридического сообщества, - нетерпимостью к любым проявлениям несправедливости, политической неангажированностью, неукоснительному следованию букве закона. Именно такое представление о юристах делало их особенно популярными в то время. Не случайно среди народных депутатов СССР, избранных в 1989 г., было очень много юристов. Но далеко не все из них смогли соответствовать этим ожиданиям».

А зэманым теухуауэ Къалмыкъым итхыжам фыщыгъэгъэуэзэнти, езым и тхылъ «Повороты судьбы (в двух парламентах, одном правительстве. В национальном движении) зыфІищам къысхьу. «Къэралым щекІуэкІ политикэ Іуэхухэм зэгуэри жыджэру хэмыта, лъэныкъуэкІэ абы кьыщеплъу щыта, сэ нэхъыбэм телевизоркІэ, сэ зэуэ политикэм я курыкупсэм сыкъыхэхутат. СхужьыІэнукъым сэ абы нэхъыфІ е нэхъ Іей сищІауэ. Ауэ, дауи, щІэ гуэрхэр къэсщІащ, нэхъ инэІуэкІэ мащІэу фІэкІа зыхэзмыщІыкІа Іуэху сеуВэлІащ: политикэ хьэгъэщагъэ, щэхуу зэныкъуэкъу, бзитІщхьитІыгъэ, фэрыщІыгъэ зэбзкІ, гуапагъэкІэ щІахъумэ бзаджагъэ. Политикэ лэжьакІуэ сэ сыхьуакъым, икІи иджы сыхьужьну кьыщІэкІынкъым, схуэзысмыдзыну си хьэлщэнхэм я зэранкІэ: цІыхухэм ягъэлеяуэ дзыхь яхуэощІ, кьехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу си Іуэху еплъыкІэр жызоІэри, ар зигу иримыхь щыІэщ, псом хуэмыдэу ищІэжкІэ кьытетхэм дзыхь кьыпхуамыщІыпабы кьыхоІ»-

Фи нэгу кьыщІэвгъэхьэт апхуэдэ хьэл-щэн, гъэсэныгъэ, куэдым уэрефІэкІ щІэныгъэ уиІэу политикэшхэм ухэтыну?

Крашенинниковым абы и хьэл-щэным теухуауэ гу зылъытар гъэщІэгъуэнщ. Абы зэрыжиІэжьа, юристхэм я закъуэтэкъым Къалмыкъым хуабжьу пщІэ кьыхуэзыщІыр. «И хэку цІыкІум - Къэрэшей-Шэрджэсым - ар куэд щІауэ пэІэщІами, зиІ ІэщІыб ищІакъым, щыгъупщакъым. ЗэрымыщІэкІэ кьэхъуакъым ар Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу, Къэбэрдей Льэпкъым и конгрессым я унафэщІу хахыныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым 1992 гъэм и бжьыхьэм щекІуэкІа зэрызекьэр гуэзвэгъуэшхуэм зэрыхуэмыкІуар зи фІыгъэр Къалмыкъ Юрийщ».

УФ-м юстицэмкІэ и министру Къалмыкъыр щыщытам и гугъу щищІкІэ, Крашенинниковым кьыхегъащ ар зэрыхуущІэкъуар хабзэ щыпхъпщэ кьэрал диІэ хъуным. Абы и гупсысэ зыбжанэм Крашенинниковым игу кьоуэ Къалмыкъым псынщІащэу а Іэнатіэр зэрибгъэнэр, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар ибзыщІыкъым - Шэшэным дзэр зэрырашэмкІэ щымыарзэкІэ, ар Правительствэм хэт мыхъуну кьилъытэри, и лъэІукІэ къулыкъым текІащ.

Ди лъэпкъэгъу цІэрыІуэм теуХуа гукъэкІыжхэм щыщу сэ сфІэгъэщІэгъэнэ гуэрхэм фэри гу лъывзэгъэтэнут.

- Хьэмзэт и къуэ Юрий сэ ящу щыслъэгъуар Свердловск юридическэ институтырщ. Студентхэр дыкІуат Къалмыкъым, Алексеевым. Яковлевым я лекцэхэм дедаІуэну. Пэжыр жысІэнщи, зэгъэщІэн юрист цІэрыІуэхэри нэкІуат, ауэ дэ а щыращ къыхэтхар. Дигу кьинэн куэд тлъэгъуат, зэхэтхат: Къалмыкъым щызыІыгъыр, кьедаІуэхэр къыззрихьэу щІыкІэр, зытепсэлъыхьым кууэ зэрыхищІыкІыр, умыгъэщІэгъуэнкІэ Іэмал имыІэу гушыІэкІэ зэрищІэр.

- Ар фІы дыдэу щыгъуазэт хабзэмкІэ тхылъхэм, нормативитхыгъэхэм, международнэ актэм. Сигу кьэкІыж Правительствэм и Унафэщым доклад щыхуэдгъэзыхьэрауэ щытар. Ар зи пщэ къыдзхэуэ псорм еджэжри Іэ щІадзауэ, напитщІ хъу тхыгъэр Къалмыкъым и пащхьэ щытащ. Зы запятой закъэщ щыуагъэу абы хилъэгъур. Минюстым и лингвистхэм жаІэмкІэ игу мызагъэу, Къэрал Думэм и лингвистхэр кьригъэджащ. Езым ижаІаращ пэжу кьыщІэкІар.

Къалмыкъыр Минюстым щыщыІам Гражданскэ, ПсэукІэ, Уголовнэ-процессуальнэ, Гражданскэ процессуальнэ, Уголовнэ, Унагъуэ, ЩІы кодексхэм елэжьащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри щІэрыщІэгъу зэтеувэж къэралым джкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэт, си щхьэ Іуэху зезыхуэхэмрэ къэрал Іуэхум гуэ-лъыІуэ хузиІэхэмрэ щы-зэдауэ куэд зыхэлът. АбыкІэ жысІэну сызыхуейр Къалмыкъыр зыпэрыта Іэнатіэр тэнэщ зэрыщымытащ.

Пытщэнщ Крашенинниковым кьыхтхуиІуэтэжыкІ.

- Президеным УФ-м и Конституцэ Судым и судьяуэ Къалмыкъыр хахыну Федерацэмкіэ Советым зэрахуігъэльэгъуар тэмэмт, къэрал кьулыкъуэ а Іэнатіэмкіэ бухыкІи Іейтэкъым. Ауэ кавказ лъэпкъхэм я зэщІэхьееныгъэм и лэжьыгъэм зэрыхэтар кьраудэкІыжри, Іэнатіэр хуэмыфащэу кьикІыу Іэ яІэтащ.

1994 гъэм и дыгъэгъазэм Ельцин Борис Іэ щІидзащ Къалмыкъ Ю. Хь. отставкэм ззрагъакІуэ Унафэм. Ари УФ-м и Гражданскэ кодексым и ящхьэ кьэнахэр зытхахэм».

Къалмыкъым кьыхуамыгъэгъуэ «кавказ лъэпкъ зэщІэхъеныгъэм зэрыдзэлэжьыр», «кьыхуамыгъэгъун» дзэнэ кьэна, лъэпкъэм теухуауэ абы жиІэмэрэ, дызыщІыщ емылытыауэ, псори Іейм зэрызыщІытхъумэфыну щыкІэм хуэгъэзауэ Юрий кьИуатэ гупсысэмрэ лъабжьэ яхуэхъун хуейт демократием тет псэукІэмрэ лъэпкъ зэгурыгъэІуэкІэмрэ.

«Лъэпкъэр, щыхуэмэ хуэдабзэу, дызэщхькъым, ауэ зым дызэрешалІэ - дэ псори дыщІыхущ», - етх Къалмыкъым. Мис аращ пэлитикэм къагурымыІуэр, нэхъ тэмэму жыпІэнумэ, къагурыІуэну зыхуэмейр. Абы кьыхэкІ гуэзвэгъуэм нобэми ЩІы хъурейр егъэгуэзасэ. Псоми дощІэж кьызэрымыкІуэу эмпілъ кьытхуэзыщІ политикэм, Урысейм ифІ кьэзымылъэхъуэхэм «лица кавказской национальности» кьытфІащауэ зэрыщытар. Киев тетыгъуэхэм щызыыбыдэхэм дежкІэ Украинэм и кьухьэпІэм щыпсэуэхэр москалщи, яуКІми хъуну кьалъытэ. ЯуКІыр дунейм гу щызымыхуа сабийхэрщ, зыгуэрым и адэщ, и анэщ, и къуэщ, ипхъщ. Лъэпкъым - цІыху щхьэхуэхэрщ. Зыри хуитыным зыгуэрым и гъащІэ кьытрихыну. ЦІыхур, къэралыр зыхуит-зыхуимытыр кьыдгуригъэІуэну пылъащ Къалмыкъыр. «Для тех, кто знал Юрия Хамзатовича, кому посчастливилось работать с ним, он навсегда останется путеводной звездой, моральным и профессиональным ориентиром. И пусть о нем знают и помнят его все, кто решил посвятить себя служению праву», - етх Крашенинниковым Павел. Урысыбзэр зэсхъуэкІакъым, дэтхэнэ псалъэри зэрыжиІа дыдэу кьзэгъэнэну сыхуейти.

Гуапэщ уи лъэпкъэгъум апхуэдэ кьыхужаІэныр, ауэ аракъым нэхъыщхьэр. АтІэ, кьулыкъуэкІэ лъагэу зызыІэтыфам цІыхугъэуэхлъыпхъэм и щапхъэу кьызэралъытарщ. ЦІыхур гъущІкъым, Къалмыкъым хуэдэхэр псынщІэу хесхьэ политикэшхуэм щызекІуэ залымыгъэмрэ напэщагъэмрэ, жэуапльнымгъэшагъэмрэ щыхэуещагъэмрэ. Къалмыкъ Юрий и гур кьэуэвыІащ 1997 гъэм щІышылэм и 16-м.

- Юстицэмкіэ министр Іэнатіэм сыІуКІи ипэ сэ сыщыІащ Хьэмзэт и къуэ Юрий и хъуажэм, сыщІэсащІащ абы и кхъащхьэм. Гъэм и сыт хуэдэ зэманми абы и кхъащхьэм удз гъэгъа кьрачагъащІэ тельщ, пэмыжьжьэу йожэх псы. А псы Іуфэм кьыщищта мывэ цІыкІу Іуэмыхьэ и ЩІо-ныщхьэм тельу щытащ,- етх Крашенинниковым.

Юрий цІэрыІуэ Сысоев В. «Российская газета»-м Къалмыкъ Юрий теухуауэ 1998 гъэм кьытридза тхыгъэм «Жаль, что дважды не живут» жиІэу фІищат. ІэнатІэщхуэ зыІыгъэхэм ящыщу а дзэхуэдэ зыхужаІэр зырызыххэщ.

ШИРДИЙ Маринэ.

● Нобэ Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

Нэхъыбэ мэхъу

Узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ гъатхэпэм и 24-р Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэу игъэуващ. А зэгухьэныгъэм къызэригъэльэгъуэмкІэ, дунейм щыпсэу цІыхухэм я Іыхьэ щанэм нэблагъэм жьэн узыфэр къэзыгъэхъеи микробхэр я Іэпкълъэпкъым хэтщ. Илъэс къэс а узыфэм егъэсымаджэ цІыху мелуани 10-м нэблагъэ, мелуани 3-р абы иолыкІ.

2014 ГЪЭМ Къэбэрдей-Балъкъэрым жьэн узыфэр япэу кьеуэлІауэ къыщыхэтащ цІыху 392-рэ. 2013 гъэм ебгъащІэмэ, а бжьыгъэ нэхъыбэ хъуащ.

Сымаджэр псынщІэу икІи лъэужь гуэри къэзымнэу бгъэхъужьныкІмкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ узыр и чэзум кьахутэу еІэзэным. Узыфэр псынщІэу кьызэращІэ Іэмал нэхъыщхьэхэм ящыщщ Манту мастэр, флюорографие кьэпщытэныгъэр. Манту мастэр илъэс къэс сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ халъхьэ. Узыфэ зэрыщІалэм зыщыпхъумэфынущ. БЦЖ мастэмкІэ. Сабий кьалъхуагъащІэм узыфэм зэрыщІахъумэ мастэр япэ махуэхэм халъхьэ. Илъэсибл дэкІа иужь, Мантум кьрикІуам ипкъ иткІэ, абы иджыри зэ жьэн узыфэм зэрыпэщІэт мастэр халъхьэ.

Флюорографие кьэпщытэныгъэм цІыху нэхъыбэ къызэщІегъэубыдэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Республикэм щыпсэу дэтхэнэ зыми и кьалэнщ и узыншагъэм кІэлъыплъыжьыну икІи илъэситІ нэхъыбэ димыгъэкІыу хуейщ. Ауэ ар узыфэр зыхуэпъэ гупым хьхьэмэ, и узыншагъэр нэхъыбэрэ кьипщытапхъэщ. Сабий, медицинэ, егъэджэныгъэ Іуэхуцапіэхэм, ерыскъым пыщІа предприятхэм лэжьапІэ увхэм, апхуэдэу тхъэмбылым, жьэжьейм епхауэ зэ гъэтІылъа зиІэхэм, фошыгъу уз зыпкърытхэм Іэмал имыІэу илъэс къэс я узыншагъэр кьрагъэпщытэн хуейщ. Жьэн узыфэр и чэзум кьыщыпхутэфынур республикэм и цІыхухэм жыджэру я узыншагъэм кІэлъагъэплъмэщ.

Мыхьэнэшхуэ иІэщ цІыхум и Іэпкълъэпкъыр узыфэр щІэщІалэхэм пэщІэтыфу егъэсэным. Жьэн узыфэр псом япэу зыхуэпъэр зи узыншагъэр къэтІэсхьэхэрщ. Гулытэ нэхъ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщщ кьуаат зыщІэлъ ерыскъы щхьпыр, тэмэму зыгъэпсэхуныр, физкультурэм зэман хуэхъунур.

Зыщымыгъэгъупщэ фи сабийхэм, благъэ-Іыхьлэхэм, фи щхьэ и узыншагъэр куэдкІэ фэ кьызэрывэльытар.

БЭЧ Мадинэ,
Роспотребнадзорым КъБР-м щиІэ управленэм эпидемиологие кІэлъыплъныгъэмкІэ и къудамэм и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэ-эксперт.

Саратов дэт юридическэ институтым и студентхэм яхэсщ. *1976 гъэ*

Адыгэ зэІуцІэм кьрихьэлІащ. *1978 гъэ*

Картер-Центрым и хьэщІэщ. *США, Атлантэ кьалэ. 1993 гъэ*

Абдулатипов Рэмэзан и гъусэу. *1995 гъэ*

Дэтщ Черкесск Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ.

● Щlэныгъэлl цlэрыlуэм къыхелъхьэ

Щlыуэпсымрэ гъуэгухэмрэ

Мы тхыгъэм дэ дыщытепсэлъыхьынущ Кавказ Ищхъэрэм и щlыуэпсым гъуэгу-транспорт системэхэр къызэрытехьэлъэ щlыкlэмрэ Псыхуабэ къалэ и Iэгъуэблагъэм щlыIэ псы-ятlэ хущхъуэхэм ящыщу къалъытэ Тамбукъан хыжьейм (гуэлым) и Iэгъуэблагъэм щыщlыIэ хьуа щытыкlэмрэ.

«УФ-м щlымрэ щlыуэпсым и адрей хьугъуэфыгъуэхэмрэ къыщагъэсэбэп, щахъумэ, гъащlэм и тегъэщlапlэ нэхъыщхьэуи, щlыналъэ зэхуэщхьэхуэхэм лъэпкъыу исхэм я гуащlэдэкl хэкlыпlэуи къалъытэ». Апхуэдэ псалъэхэм дащорохьэлl э УФ-м и Конституцэм и 1-нэ Iыхьэм и 9-нэ статьям.

Цlыхухэм я узыншагъэм сэбэп хуэхъу хьугъуэфыгъуэхэр Кавказ Ищхъэрэм щыкуздж. Мыхьэнэшхуэ зиIэщ, псэм дыхьэ щыпlэ дахэхэмрэ абыхэм щауэ зыгъэпсэхупlэхэмрэ хьумэнымрэ ахэр зэгъэкlуаэ зехьэнымрэ. Къищынэмыщlауэ, зыщыбгъэгъупщэ хьунукъым, курорт-бальнеологие, турист Iэхъутхьэбзэхэр сытым дежи фlагъ лъагэм тету цlыхухэм яхуэбгъэзэщlэфу ущытын пlащlэр, ахэр къыщыдзыпlэ-гъэпэщ щlыпlэм и щlыуэпсым хуэсакъыпlэ зэрыхуэйр.

Дэ дыщыгъуаэзщ, дызэрыбауэ жьыр къабзэу къызэтенэмыкlэ жьыгкэр сэбэпышхуэ зэрыхьум. Ауэ щыхъукlи, рекреацэ-бельнеологие Iэхъутхьэбзэхэр цlыхухэм щыхуагъэззащlэ щыпlэхэр жыг, мэз гуэрэн хуэдэхэмкlэ къуэхъуреихьынри Iэхъугъуэ щхьэпэу къоув.

Иджырей щlалъхьэм къызэрагъэлъагъуэмкlэ, туризмэм зыщедгъэужьыну дызыхуей щыгур «щlыуэпс хъугъуэфlыгъуэхэмкlэ бейщ» жьитlэкlэ зэфlэкlыркъым, атlэ ар икlи инфраструктурэ зызыужьакъэмкlэ, екIуэлIапIэ-къыукlыжькlыпlэхэмкlэ, технологиещlэхэм къитlасэ зэпыщlэныгъэхэмкlэ къызэгъэпэщауэ щытыпхьэщ.

Дунейпсо туризмэм гулъытэ нэхъ ин дыдэ зыхуищlхэм ящыщщ щlыпlапlэрыкlуэхэм зыщlагъэ щрах щlыпlэм абы ехьэлIа хабзэ-бзыпхьэхэр зэрыщыззэтеубзыхуа щыкlэри. Зыгъэпсэхуакlуэхэр щlыпlэрыхсэм я щэнхабзэ-тхыдэ къуэхым дегъэхьэхынымкlэ а унэтIныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Рекреацэм хуэлажьэ Iэхъущlапlэм цlыхухэр щlымахуэ лъэхъэнэмэ екIуэлIэу щытын папщlэ, ар бальнеологием (псырэ ятlэкlэ Iаэзным) къигъэув Iэмалхэмкlи къызэгъэпэщауэ щытын хуейщ. Икlи, Кавказ Ищхъэрэм (абы къыдэкlуэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым) и турист индустрием апхуэдэ Iэхъутхьэбзэхэр зэрыщагъэззащlэм и хъыбарыр дэнэ щlыналъэ щыгъэIэпхъэщ. Абы папщlэ технологиещlэу къежьахэри къэдгъэсэбэпын хуейщ. Зы псалъэкlэ жьитlэнщи, щlыуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэр би бащlэ щlыпlэм и щlыIэгъэмэ цlыхухэр къызэрегъэпэщауэ щытын хуейщ. Икlи, Кавказ Ищхъэрэм (абы къыдэкlуэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым) и турист индустрием апхуэдэ Iэхъутхьэбзэхэр зэрыщагъэззащlэм и хъыбарыр дэнэ щlыналъэ щыгъэIэпхъэщ. Абы папщlэ технологиещlэу къежьахэри къэдгъэсэбэпын хуейщ. Зы псалъэкlэ жьитlэнщи, щlыуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэр зи бащlэ щlыпlэм и щlыIэгъэмэ цlыхухэр къызэрегъэпэщауэ щытын хуейщ. Ижьырей дунейм щlыуэпсым хуэсакъыпlэ щlыпlэхэр къуэхъуреихьынри Iэхъугъуэ щхьэпэу къоув.

Иджырей щlалъхьэм къызэрагъэлъагъуэмкlэ, туризмэм зыщедгъэужьыну дызыхуей щыгур «щlыуэпс хъугъуэфlыгъуэхэмкlэ бейщ» жьитlэкlэ зэфlэкlыркъым, атlэ ар икlи инфраструктурэ зызыужьакъэмкlэ, екIуэлIапIэ-къыукlыжькlыпlэхэмкlэ, технологиещlэхэм къитlасэ зэпыщlэныгъэхэмкlэ къызэгъэпэщауэ щытыпхьэщ.

Дунейпсо туризмэм гулъытэ нэхъ ин дыдэ зыхуищlхэм ящыщщ щlыпlапlэрыкlуэхэм зыщlагъэ щрах щlыпlэм абы ехьэлIа хабзэ-бзыпхьэхэр зэрыщыззэтеубзыхуа щыкlэри. Зыгъэпсэхуакlуэхэр щlыпlэрыхсэм я щэнхабзэ-тхыдэ къуэхым дегъэхьэхынымкlэ а унэтIныгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Рекреацэм хуэлажьэ Iэхъущlапlэм цlыхухэр щlымахуэ лъэхъэнэмэ екIуэлIэу щытын папщlэ, ар бальнеологием (псырэ ятlэкlэ Iаэзным) къигъэув Iэмалхэмкlи къызэгъэпэщауэ щытын хуейщ. Икlи, Кавказ Ищхъэрэм (абы къыдэкlуэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым) и турист индустрием апхуэдэ Iэхъутхьэбзэхэр зэрыщагъэззащlэм и хъыбарыр дэнэ щlыналъэ щыгъэIэпхъэщ. Абы папщlэ технологиещlэу къежьахэри къэдгъэсэбэпын хуейщ. Зы псалъэкlэ жьитlэнщи, щlыуэпсым и хъугъуэфlыгъуэхэр зи бащlэ щlыпlэм и щlыIэгъэмэ цlыхухэр къызэрегъэпэщауэ щытын хуейщ. Iэмалхэмкlи къызэгъэпэщауэ щытын хуейщ. Ижьырей дунейм щlыуэпсым хуэсакъыпlэ щlыпlэхэр къуэхъуреихьынри Iэхъугъуэ щхьэпэу къоув.

Кавказ Ищхъэрэм рекреацэ и лъэныкъуэкlэ зэфlэкlышхуэ зэрыбгъэдэлъым цlыхухэр куэд щlауэ щыгъуазэщ. Зэманыр адэкlэ кlуатэху зи бжьыгъэм нэхъри хэхъуэ зыгъэпсэхуакlуэхэр зэрызекlуэ транспортымрэ абыхэм къыздрашэжьхьэпшыпlэхэмрэ зытекlэлъэр дыкъэзэхуэхуреихь дунейм и пlланэпэ тельыджэхэм ящыщу къызэригъэщlауэ иджырри къызыдэсым къызэтена, зыгъэпсэхуакlуэ екьэзэм я нэгу щыпсагъэужьынкlэ хуэдэ щымыIэ щlыпlэ къабзэ - дахащэхэращ.

Лlэщlыгъуэ блэкlам икуэм Кавказ Ищхъэрэм и курыхым къыщыззрагъэпэщауэ щытащ «Кавказ биосферэ заповедник»-кlэ зэджэ мэзкъуэдыр, и щlыбагъым къыдэт къуршыжьхэр и тегъэщlапlэ Iэгъэ куурт-санаторэ ухуэныгъэхэр ихъуреягъкlэ къепщlэкlыжьауэ.

Мэзгъэфlэну къалъытэ щlыпlэ дахэхэр ноби дызэриIэр и фlыщlэщ, транспорт лlэужьыгъуэу дызыщыгъуаэзхэм я «лъэр» иджыри къызэдэсым абыхэм зэрынамыхусыфам. Арщхьакlэ, апхуэдэ щытыкlэм псынщlэ дыдзу зихъуэжьыфынущ, щlыпlэ къэгъуэнэхугъуейхэм цlыхухэр нэзыхуэ автомобиль гъуэгухэр ящlын зэрауэхыу. Зи гугъу тщlы ухуэныгъэщlэхэм ящыщ зыбгъэ дэ къэдгольытэ, Iуащхьэмахуэ бгъажь уардзм и дыгъэмыхьэуэ лъэныкъуэмкlэ къызыщlэж псы хущхъуэхэм гъунэгъубзэу урибгъэдыхьэ хьууэ, гъэ дызэрытым къриубыдэу и кlэм нагъэсыну, къызэIуахыну я мурад асфальт гуэргур.

Пхъашэ бгъэдыхьэкlэм щlыуэпсыр хуэхамэщ. Иджыри къызэдэсым къызэригъэщlауэ къызэтена, цlыхуIэ зыхэмыIэба щlыпlэ Iуэзэджэхэр мы зи гугъу тщlы гъуэгум хуэдэхэм «къызэрагъэдзыхэнум» щэч лъэпкъ къытетхьэркъым икlи ар зыкlи пхуэзмыгъэззэкlуэжькlи зэщlыныгъэшхуэу къызэрыбыунр ящlрыльагъущ.

Мы гъуэгум Балъкъ и псыхъэщхьэхэр нэхъри цlыху кlуапlэ ищlынущ. Ар туризмэм зегъэужьынымкlэ хуэгъэзауэ ноби зэманым къигъэув Iэхъугъуэхэм ящыщ зыуэ къыщlэкlынущ, ауэ, дэ дызэрепlымкlэ, а гъуэгум мылъкурэ ахъшэу хухахар къелыжу ирикъунут, а къалэн дыдэр ирибгъэзащlэ хъууэ, а щlыпlэм тыншу икlи псынщlэу унэзышэс, абы къыдэкlуэуи, и экологием зыкlи зэран хуэмыхъу, и кьабзагъэ-ри зэтезыхъумэ, дуней псом зыхуэдэ щымыIэ, щlым щхьэщыlэтыкlэ бжьамий кlуэцlым къыщызыкlыхь транспорт системэщlэр ухуэным. Мы зи гугъу тщlы проектым и теплъэр мы суратым къыщыгъэльэгъуащ.

Мыпхуэдэ зекlуэкlэр къыхэзых туристым зэман лей тримыгъэкlуадэу Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщыкухутфынущ. Икlи лыжжкlэ бгыжь уардэм и джабэ нэкlуэм зыкъэрезыгъэхьэхэн зи щlасэхэмрэ Балъкъ и псыхъущхьэм къыщыIэж псы пщтырэмкlэ зэIэзэну зи мурадхэмрэ, здэкlуам жащ щрамыхьу, а махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм къыздикlам ягъэззэкьфынущ.

Кавказыр уэзэхуапсэ хьун турист кlуапlэу дгъэкlи щыдгъэтыну ди мурадмэ, дэ зыщыдгъэгъупщэнкlэ Iэмал иIэкъым абы и экосистемэм хуабжьу дыхуэсакъын зэрыхуейр. Ар зэдгъэхъулIэн папщlэ, япэ игъэщlапхъэ Iэхъугъуэхэм ящыщ зыуэ къоув щlыуэпсым зэран хуэмыхъу транспорт лlэужьыгъуэщlэхэр къэгупсысынымрэ ахэр нобэрей гъащlэм и зы Iыхьэ щlыпlэм.

Тамбукъан

Зэманыр кlуатэху щlыуэпсым нэхъ къыпетхьэлъэхэм ящыщщ Тамбукъан хыжьейр Кавказ федеральнэ гъуэгум Iыхьиту щlэзэпиупщlы щlыпlэри. Нэрылъагъу хъуащ лlэщlыгъуэ блэкlам яухуауэ щыта автомобиль зекIуанIэр нобэрей пщlалъэм къызэрымытIэсэжьри, псы хъурейм и щlыуэпсым апхуэдэ щытыкlэр кудзрэ зэрыхуэмыхьыжьынри.

Дызэрепlымыкlэ, Iэхъум фIы и лъэныкъуэкlэ зыкъыпхуегъэгъэзынущ, гъэгур къыхьапIэ лъэныкъуэмкlэ щыIэ джабэ нэкlуэмкlэ едгъэкlуэтэкlмэ. Дэ къэдгъэльэгъуа решение къызэрыхэщымкlэ, ар иджырейм зэрыпэжьыжьынур метри 160-рэ хуэдизу. Ухуэныгъэщlэм Тамбукъан хыжьейм къытехьэлъэ хъуа «гугъехьыр» щхьэщыхьнущ, гъэгуг щlэр здыщlапхрашыну губгъуэжьри цlыху зекIуапIэ ищlынущ.

«Сапропель»-кlэ зэджэу, цlыхум и узыншагъэм дежкlэ сэбэпышхуэ хъу пкъыгъуэм щызэхуихьэс псы хъумапIэ нэхъ ныбжьышхуэ зиIэхэм хабжэ мы псы хъурейр. Апхуэдэу дуней псом тетыр Iэпэкlэ къыпхуэльытэным хуэдизщ. И фIагъкlэ мы хыжьейр хуагъадэ узыншагъэм хуэщхьэпэ пкъыгъуэжэр си бащэ Хы Лlам (Мёртвое море), торф псыпщlэхэу Венгриием, Инджылызым щlыIэхэм, Испаниием, Италием узыщцихьэлIэ ятlэ хущхъуэхэм, нэгъуэщlхэмри.

ЩlэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкlэ, Тамбукъаныр адэ нэхъ пасэхэм щыта хым къыхэпщыкlа къэзыщlыгъэщ. И псы щыугъэу щытамэ, къызэринэкlа иIэхэ куэдым и куэцlкlэ, куэдрэ нэхъ мышу хуауад. А зэманым къриубыдэу, хыжьейм и инагъми, и Iуфэм къыщыкlкlэ къэкlыгъэ лlэужьыгъуэхэми, нэгъуэщlкlэкlынэмыщlхэми зэхъуэкlыныгъэ ягъуэтащ.

Иджырей лъэхъэнэм псы хъурейм тIэкlу хэша тепlъэ иIэ хъуащ, и куугъри метри 7-м ноблагъэ. Хыжьейм и лъабжьэр шыуаныкум и щlэ узэжужам ещlхьщ. Ар метри 6 зи Iувагъ ятIэкlэ щlэхъуащ. Зэрыщыту къапщтэмэ, а «гъэтIылъыгъэ» бейм тоин мелуани 2,6-м щlигу и хьэпlагъщ.

«Сапропель»-кlэ йоджэ, лlэщlыгъуэ къудкlэ зэхуэхьэса хъуа, зи гъащlэ уаэхъыр къэзыуэкlа зэкъкlыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ микроорганизмхэмрэ кьаэIуцlыкlыжьа къэщlыгъэм. Тамбукъан гуэлым уеыIэгъуэ имыIэу щекIуэкlащ «биосинтез»-кlэ зэджэ а Iэхъугъуэр. «Тафхэсэ» хыжьей цlыкlур зэрымыкуу дыдэр къагъэсэбэпри, яныныкъуэ къэкlыгъэхэмрэ псэ зыIут пкъыгъуэ цlыкlужьейхэмрэ (микроорганизмхэмрэ) зэрахуэзэфlэкlкlэ абы и псым зыщlауэкъащ икlи къагъэщlа мащlэм и кlуэцlкlэ зыщlаша минералхэр псы хъурейм и лъабжьэм здрахьэхащ. Иджыпсту дунейм темытыж удз lлэужьыгъуэхэри зэгуэр мыбдежьм кьыщыкlыу щытагъэнущ.

Хыжьей лъащlэр щlэин щlэтIысыкlыпIэ зыхуэхъуа къэкlыгъэхэмрэ псэущхьэ нэрымылъагъуэхэмрэ, кислородыншэу икlи ильэсым и кlуэцlкlэ «ягъуэт» хабагъэр градуси 5-м зэрыщlигу щlагъуэ щымыIэу, щыэзэхэпхъэжьри щlэзэпщlыжкащ. Апхуэдэущ Iуащхьэ-гъэм щlыхуэм зэрыщlэIэзэ ятIэ хущхъуэр къызэрыхуа щlыпlэхэм, псы хъурейр къэщlыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщу къэтIытэн щlыхуейри, ар хъумэным мыхьэнэшхуэ щlилэри.

Хыжьейр ноби щытщ зи узыншагъэр езыгъэфlкlыгъэну хуейхэмрэ щlыпlапlэ къызэрыгъэкlэмрэ къызэрыдэпхьэх хъуну хъугъуэфlыгъуалъэу. Абы теухуауэ икъысыкlыжкlэ щхьэпэт икlи узыгъэгушхэнт, псы хъурейр зи зэхуакъ дэпъ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ зэгурыIуэу, Тамбукъаныр зытет щlы кlапэм гулъытэ хэха хуащlамэ, абы кьыдэкlуэуи, «Бальнеологиемрэ бгыпъэ туризмэмкlэ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ центр» зыфIаща программэ хэгъэунэхукlа къызэдащтамэ.

Псыхуабэ - Налшык федеральнэ гъуэгур щlэзэралъхьэм, бальнеологие и лъэныкъуэкlэ Тамбукъан гуэлым мыхьэнэшхуэ зэриIэм егупсысар мащlэщ. А зэманым а уэхэныгъэр езыгъэкlуэкlахэр нэхъыбэу зэплъагъэр гъунэгъу жылагъуэхэр гъуэгу захуэм нэхъ псынщlэу зэрызэпищlэрагъэнущ.

Пэжщ, Минводы кьалэм хуэкlуэ автобаныр хьэзыр зэрыхъуу, Тамбукъан гуэлым блэж автомашинэхэм я бжыгъэм кlэрыхунущ, ауэ абы псы хъурейр зэрыхуа щытыкlэм хьрышыну фIэщ щыгъуэйщ.

Мы тхыгъэр зи Iэдакъэщlэкlым 1996 гъэм дунейм къытригъэхьауэ щытащ ищхьэкlэ зи гугъу тщlа гъэзугущlэм и проектым и пэ къихуэ лэжьыгъэр. Абы къыщыгъэлъэгъуат гъэзугр лъэныкъуэ едгъэза иужькlэ, хыжьей Iуфэр къэдгъэсэбэп зэрыхьэну щыкlэри. Псалъэм кьыдэкlуэу ыкьэздгъэщlынщи, Тамбукъан гуэлым Iуэхьэмкlэ зэрыхуэнгъэзэмкlэ щlэзэпиупщlы щlыхуэм щlэзэ санаторэхэр, гъэзугурыкlуэхэм зыщlагъэпсэху хьэщlэщхэр, автомобиль гъэувыпIэхэр, нэгъуэщlхэри.

Проектыщlэ

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хабзэхэр къызэрызэпаудым гу лъызытэ дэтхэнэри иропейтей автотранспортым и бжьыгъэ кlуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум. Игъэщlэ икlи мыхьэнэшхуэ зиIэщ технологиеу зыгъэпсэхуакlуэхэм щlэзэ санаторэхэр, гъэзугурыкlуэхэм зыщlагъэпсэху хьэщlэщхэр, автомобиль гъэувыпIэхэр, нэгъуэщlхэри.

Проектыщlэ

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хабзэхэр къызэрызэпаудым гу лъызытэ дэтхэнэри иропейтей автотранспортым и бжьыгъэ кlуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъум. Игъэщlэ икlи мыхьэнэшхуэ зиIэщ технологиеу зыгъэпсэхуакlуэхэм щlэзэ санаторэхэр, гъэзугурыкlуэхэм зыщlагъэпсэху хьэщlэщхэр, автомобиль гъэувыпIэхэр, нэгъуэщlхэри.

Зы щlыуэпсым дымыжейуэ цlыхэкlи щlадэрт, хьэуазэ икуаэу щlымахуэм школым дрикlуэрт. Еджапlэ нэужьым мэз дыкlуэрти, пхъэ дамэкlэ къэтхьырт е Iэжьэ щlыкlыкlэ къатщэрт. Жэщым дымыжейуэ цlыхэкlи щlыпlэрт.

Зы махуэ гуэрым мэз дыкъэикlыжаэу, къуажэм дыкъыдыкъэжаэ, зыдгъэпсэху дыздэщысым жьыIаэу щытащ: «Ди егъэджакlуэм сыкъыльэгъуатэмэ сыт хьунт, пщдэй «2» схуигъэувынтэкъым. Сэ иджы урокхэр зэгъэщlэжьыфынущ, си лъакъуитIри псыфщ, хуабжьуи сешащ». Ар ди анэм къздрэ къыIуэтэжьырт: «Сыту Iейуэ си гур бгъэуэта!» - жиIэурэ. Сыт и лъэныкъуэкlи, ди сабиигъэр гурыфlыгъэншэу, тшъыни щыттIэгъэни дымыгъэуту дыкъэхъуащ зауэ гущlэгъуншэм и зэранкlэ. Ди къарур зэрымыуфыдыдаэ лжьыгъэ хьэлъэм зэрыпхуэзфlэкlкlэ дыпэщlэтащ.

Сэ къэдгъэ сигу къокlыж, гукъеуи сщохъуж си анашхуэ Диса, зи къуиущыр (Билан, Мэзан, Хьэжбэчыр) зауэм хэкlуэдар, зыри зимыIэж фызыжьыр къызэрызгъэпIаеу щытар. Пэрылэбэр иныгъуу жьэгу мафIэ ищlу щыттт. Бжэм сежаIэри, «Дисэ, Дисэ, Билан къэсыжащ!» - жыслащ. Пэрылэбэр хьфIидзэри къежьат, ауэ зэрыпщlыж къыщицlэм, зыри жимыIэу игъэзэжащ, икlи къызэшхыдатэкъым. «Я Алыхь, къыскуэгъэнуI» жыслуэрэ, абы папщlэ тобэ къызохьыж куэдрэ. Сэри сыхуейт си адэр къэкlуэжьыну - си гъащlэр адэ зиIэм сехъуапсэу схьащ, и письмохэр сиIэжщ икlи зызохьэ. Илъэс 80-м сыщlигъуами, сымыуСакlуэми, Текlуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу стхауэ щыта уэсар абы тыгъэ хуэсщlащ. Илъэси 6 и пэкlэ ар радиокlи къатауэ щытащ, «Ди адэм и деж» цlэр иIэу.

Билан щыдэкlым, бынхэм Iэплlэ къытхуищlыжкри, къыджиIэгъат: «Си псэр схъумэнкъым, зэкъм сепщlыжынкъым, емыкlу къыфхуэсхьынкъым, фэри фыхъу зэкъм и бын щынтхэ»!» Билан и псалъэр ирипэжащ, Берлин нып плъыжьыр щыхэзыгъаIахэм я гъусэу лъы щигъэжащ, зауэр ирухьным махуитlу фIэкlа имыIэжу, Берлин дыхьэху зэуа, уIэгъ-ищ зытелъ си адэм текIуэныгъэ махуэшхуэм и псэр дитащ. Абы къыхуагъэфэщауэ щытащ дамыгъэ Iъапlэхэр, «За боевые заслуги» медалыр, нэкlи Iэущlэхэри.

Апхуэдизэ мафIэ лыгъэм Iута, Текlуэныгъэ махуэшхуэм зи псэр щIэзыта Билан сыт хуэмыфащэр?! Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зы щыпIи къыщыхэщырыкъым, «Фэеплъ тхылъым» ит фIэкlа. Ар си закъуэкъым зи жагъуэ хьур, зи цlыху хэкlуэда псомэ я гум къоуэ. Текlуэныгъэр кьахьу къэкlуэжахэр илъэс къэс ягъэлъапIэ. Абыхэм ар яхуэфащэкъым жыслэу аракъым, нэхъыбэжи хуащlащэрэт, ауэ ахэр зы мыхъуами я унагъуэхэм къахьыжьащ, дунейм екьжахэри джэбын къабзэкlэ щlалъхьэщ. Псэуэхэми мафIэ лыгъэм зэрыIута зэманым хуэдиз тхъэм я гъащlэм къахупащэж.

Етхыну сыхуожьэри, схуэтхыркъым, жыслIэну сыхуожьэри, схуэIуатэркъым си гум илъыр. Гугъехь кlыхьыр уи псэм темыльу а зауэм и пэм уэхкIуэдатэмэ, хэкlуэда псомиди дралейтэкъым: къэрал лажьэт, ауэ ажалыр Алыхь Iэмыркlэ махуи 4-кlэ хъыпэплъэжатэмэ, бынхэм къытхъыжьжьынтэжьэ! Тхыгъэкъ кьеэмыгъэззэгъыфами, гууз-лыуз зиIэ щlыхуэм сакъыгурыIуэнщ. Зэман кlыхькlэ зи псэм гугъуехьыр зытелъам зы пщlэ гуэр зэримыIэр си гум хьэлъэу телъщ.

Ауэрэ си сабиигъэри, щlалэгъэри кIуаш. Унагъуэ сихьащ, псэуэгъу схуэхъуам и адэри, Къумахуэ Хьызэр, хэкlуэдат. Ари сэ схуэдэу гугъу ехьу къэгъуэгурыкlуат. Абы жиIэжыт: «СыльэIэсыртэкъым, щэнтым сытету бжьыхь схурти, уи адэшхуэ Елмырзей Асльэнджэрий къехьыри, къызбгъэдыхьэщ, зыкъомрэ къыздэIэпыкъри, зэрыкlыпынур сигъэльагъури IукIыжат». А зэманым чыкlэ бжьыхь яхуу щытащ.

Си щlалэгъуэм гугъу сехьами унагъуэ тынш сахьыат, гуащэфI сиIащ, си быныр зыпIар аращ. Дунейм зы гуащэ тетауэ пIэрэ гуащlэр си анэм хуэдэу дахэу зезыхьа. Езым сабий 11 иIата, 8-р сабийуэ дунейм ехьжат. И щхьэгъуэгэр зауэм щхьэщичат, кьыхуэна бынищыр зыхуэдэт хуигъэзащ, гугъу ехьри псэущ.

Куэдым я псэр щатащ а зауэ угъурсызым. Лэсхэн дэс Къумахуэ лъэпкъым щыщу цlыху 18 хэкlуэдащ. Си тхьэмадэ Къумахуэ Хьызэрэ и къуэш Тыгъэнэрэ абыхэм ящыщщ. Ахэр кьынащ зауэ губгъуэм, я лъахэм пшэпIуэдэ зыхуащlри.

Зауэ лыгъэм кьелауэ нобэ къытхэтыжь псоми сохъуэхъу, абы щагъэкlуа зэманыр я гъащlэм кьыпищэну, унагъуэ насып куу иIэну. Дэ тлъэгъуэм хуэдэ щlэблэм Тхьэм яримыгъэлъагъукlэ!

ДИ АДЭМ И ДЕЖ

Мащlэу сощlэжьр ди адэр щыдэкlар,
Зауэшхуэм гущlэгъынщэу тщхьэщичар,
Къэкlыжьыр сигу и псалъэ Iэфlэкlэрщ
«Фариз...» - къызоджэ (Нэкъыфlэщlхэрщ)

Гъащlэ гъэзугуанэу зэпысчам,
Гукъеуэ иныр сигу икlаекъым,
Адэ Iэ щабэу сухэпшыкъуар,
Зауэжь, уэ зэи пхуэзгъэгъуакъым.

«Ди адэ» жаIэу сэ зэхэсхэ,
ХъэрэсапIэу сиIэр къигъэхьэйт.
Хъыбар мыщхьэпэ зэхэтхамэ,
Бынитхури анэм дэ дигъэйт

ХьэщхьэрыIуэдэзм и гъуэм нэсахэм
Ди адэ Билан яхэтащ.
Берлин нып плъыжьыр щыхэзыгъIахэм
Я гъусэу ильи щигъэжащ.

Накъыгъэ махуэу къэптха уи тхыгъэр
Лэскэн и псыхъуэм щыIуат.
Биишэ бзаджэм уи дыгъэр
Щыкъуилъхьэм, сыт уигу къэкIат?

Зауэм и кIэухым фынэсауэ,
Рейхстаг хуэкlуэ Iуэгъум уэ хэбгъэщlт.
TIэуней биишэм укъелауэ,
Ещанэм дауэ ухигъэщlт?

Текlуэныгъэшхуэр къахьу къэкlуэжахэм
Зэкъуэшищым щыщи фахэтакъым,
Зи щхьэфэ адэм Iэ дилъахэм
Дэри, дынасыпынщт, дащыщакъым.

Ди адэ, уи уэсятыр зэи тщыгъупщакъым:
Уи псэр щlэпта Хэкур дигу ихуакъым.
Текlуэныгъэр илъэс блыщI щрикъум
Мы тхыгъэ мащlэр тыгъэ уэ пхузощI.

КЪУМАХУЭ Фариз,
Елмырзей Билан ипхъу.
Лэскэн Етlуанэ къуажэ

● Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу

Си адэ, мы тхыгъэр фэеплъ пхузощI

Хэку зауэшхуэр зэриухрэ зэман куэд къызэдэкlами, псалъэкlэ пхуэмыIуэтэнщ а лъэхъэнэм щlыхуэм ятелъа гуэзвэгъуэмрэ гугъуехьмрэ зыхуэдизыр. 1941-1945 гъэхэм екIуэкlа зауэм зэи мыкIуэдыжьын лъэужь мыгъуэ къигъэнащ.

ТЩЫМЫГЪУПЩЭЖЬН гугъуехьрэ гуэзвэгъуэрэ ди нэгу щlэкlащ ди сабиигъуэм. Зауэми, гъаблэми сыхиубыдащ, мыхъужьи уIэгъэхэр кьытранащ си гум.

Нэмыцэхэр къыдыхьэрт, кхъухьлъатэхэр гъуэхъуэу кьытщхьащlылъатэрти, бомбэхэр кьыттрагъэщащэрт. Ди анэм бынитху дригъуэсэт, ди адэр зауэм дашат. Адэшхуэ-анэшхуэ диIэт, ауэ абыхэм я гъусэу дыпсэуртэкъым. Я унэшхуэм и щlагъыр щlыунэти, хьэблэр зрысщыту абы дист. Ди адэшхуэ Асльэнджэрий, «кикlуэ-никlуэ», щlыбзым тхьэ елъэIуу дэтт, «мы щlыхуэ къомым я гъэр я Алыхь ди деж къыщыхьумэ!» - жиIэурэ. Къытщхьащlытым и шыкуркlэ, зыми зыри къытщыщlакъым, хадзм кьихуа бомбэм щхьэгъубжэхэр хигъэщэща мыхъумэ.

Нэмыцэхэр дэкlыжащ, ауэ гъаблэр дэнэ пхьынт? Ди анэ Мадинэт, зи щхьэгъуэм пэплъэу зи гъащlэр зыхьар, дунейр щыгъаблэм гугъуехь IейкIэ, фызабэ куэщlкlэ бынитху дызыпIар. Ар сыткlэ нэхъ тынша? Зы жэмыжь диIэти, абы къыщlиш гъэшыр Лэскэн псы Iуфэм Iута сымаджэщым ихьыт, ярищэти, къыщlэкlкlамкlэ бззэрым нартыху тIэкlу къыщицэхурт. Ар Iэщхьэпкlэ зэтридыжьыри, къыщlэкlа пхъашэр хьэнтхъупс ищlырт. Ар зэ шхэгъэт, нэхъ щабэр мэжаджэ ищlырти зэрыбыныхым жэщ-махуэм тхурикъурт. Ар ямыгъэуту, здэ ягъаварти яшхыт нэхъыбэм. Тхьэм апхуэдэ зэман гугъуэр зэи ди щlэблэм яримыгъэльагъужкlэ! Сабын щlыIэтэкъым, псым яжьэ хэткlуэтэурэ абыкlэ дыжьыщlэрт.

Колхозым щlыр зэравэн ящlэхтэкъым. Унагъуэ жэмхэмкlэ явэрт. Іыхьэ-Іыхьэ ящlырти, белкlэ къатырт. Ди унагъуэм къытпхуачар дэри зэрытхуэзфlэкlкlэ зыхуей хуэдгъаэзрт.

Иджырей зэманым щlэблэм сахоплъэри, зэщlэхуэпыкlащ. Ди сабиигъэм сощlэж, зи лъэгу щlэмытыж къытырым и напэр къагъэсэбэпырт, и лъабжьэм блыымыфэ гъэгуа щlадэрти, хьэуазэ икуаэу щlымахуэм школым дрикlуэрт. Еджапlэ нэужьым мэз дыкlуэрти, пхъэ дамэкlэ къэтхьырт е Іэжьэ щlыкlыкlэ къатщэрт. Жэщым дымыжейуэ цlыхэкlи щlыпlэрт.

Зы махуэ гуэрым мэз дыкъэикlыжаэу, къуажэм дыкъыдыкъэжаэ, зыдгъэпсэху дыздэщысым жьыIаэу щытащ: «Ди егъэджакlуэм сыкъыльэгъуатэмэ сыт хьунт, пщдэй «2» схуигъэувынтэкъым. Сэ иджы урокхэр зэгъэщlэжьыфынущ, си лъакъуитIри псыфщ, хуабжьуи сешащ». Ар ди анэм къздрэ къыIуэтэжьырт: «Сыту Iейуэ си гур бгъэуэта!» - жиIэурэ. Сыт и лъэныкъуэкlи, ди сабиигъэр гурыфlыгъэншэу, тшъыни щыттIэгъэни дымыгъэуту дыкъэхъуащ зауэ гущlэгъуншэм и зэранкlэ. Ди къарур зэрымыуфыдыдаэ лжьыгъэ хьэлъэм зэрыпхуэзфlэкlкlэ дыпэщlэтащ.

Сэ къэдгъэ сигу къокlыж, гукъеуи сщохъуж си анашхуэ Диса, зи къуиущыр (Билан, Мэзан, Хьэжбэчыр) зауэм хэкlуэдар, зыри зимыIэж фызыжьыр къызэрызгъэпIаеу щытар. Пэрылэбэр иныгъуу жьэгу мафIэ ищlу щыттт. Бжэм сежаIэри, «Дисэ, Дисэ, Билан къэсыжащ!» - жыслащ. Пэрылэбэр хьфIидзэри къежьат, ауэ зэрыпщlыж къыщицlэм, зыри жимыIэу игъэзэжащ, икlи къызэшхыдатэкъым. «Я Алыхь, къыскуэгъэнуI» жыслуэрэ, абы папщlэ тобэ къызохьыж куэдрэ. Сэри сыхуейт си адэр къэкlуэжьыну - си гъащlэр адэ зиIэм сехъуапсэу схьащ, и письмохэр сиIэжщ икlи зызохьэ. Илъэс 80-м сыщlигъуами, сымыуСакlуэми, Текlуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу стхауэ щыта уэсар абы тыгъэ хуэсщlащ. Илъэси 6 и пэкlэ ар радиокlи къатауэ щытащ, «Ди адэм и деж» цlэр иIэу.

Билан щыдэкlым, бынхэм Іэплlэ къытхуищlыжкри, къыджиIэгъат: «Си псэр схъумэнкъым, зэкъм сепщlыжынкъым, емыкlу къыфхуэсхьынкъым, фэри фыхъу зэкъм и бын щынтхэ»!» Билан и псалъэр ирипэжащ, Берлин нып плъыжьыр щыхэзыгъIахэм я гъусэу лъы щигъэжащ, зауэр ирухьным махуитlу фIэкlа имыIэжу, Берлин дыхьэху зэуа, уIэгъ-ищ зытелъ си адэм текIуэныгъэ махуэшхуэм и псэр дитащ. Абы къыхуагъэфэщауэ щытащ дамыгъэ Iъапlэхэр, «За боевые заслуги» медалыр, нэкlи Iэущlэхэри.

Апхуэдизэ мафIэ лыгъэм Іута, Текlуэныгъэ

● Фестивалхэр

«Къыхэвдзэ, ныбжьэгъухэ!»

Налшык къалэм и лицей №2-м щыізэхуащІыжащ «Къыхэвдзэ, ныбжьэгъухэ!» фестивальзэпеуэр. Ар теухуат Хэку зауэщхуэм соет зауэлІхэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщыхьрэ илъэс 70 зэрыриІэкъым. Абы хэтащ Налшык къалэм и гимназиехэмрэ курыт школхэмрэ.

ФЕСТИВАЛЬ-ЗЭПЕУЭР Налшык къалэ администрацэмрэ Ветеранхэм я зэгухьэныгъэмрэ къызэрагъэпэщащ. Іуэхур къыхэзыльхьахэм я мурадхэр - хэкур фІыуэ яльэгъуным теухуауэ курыт школхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэныр, гъащІэм и льапІэныгъэхэм ныбжьыщІэхэм гульытэ хурагъащІыныр, зауэм, дзэ къулыкъум, льахэм теухуа уэрэдхэр щІэблэм ирагъэщІэныр, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэщхуэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщыхьрэ илъэс 70 зэрыриІэкъым щрагъэкІуэкІ зэхьыхьэхэм щІалэгъуалэр къыхащэныр - къехъулІауэ жыпІэ хъунущ.

Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкіэ и департаментым и унафэщІ **Ачмыз Светланэ** зауэм кІыхь насыпшагъэр, ТекІуэныгъэм и мыхьэнэр еджакІуэхэм фІыуэ къазэрыгурыІуэр и псалъэм къыхигъэщащ икІи Хэку зауэщхуэм и ветеранхэм фІыщІэ яхуищІащ, зэхьыхьэм къазэрыхуеблэгъам, лЫгъэрэ захуагъэрэ ягъэльагъуэу, я псэ емыблэжу ТекІуэныгъэ Иныр къызэрахьам папщІэ.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіэуэздэ Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я зэгухьэныгъэ Налшык къалэм щыІэм и унафэщІ **Абдуллаев Мустафа** жиІащ:

- Фестивалым хэта еджакІуэхэм фи дэтхэнэ зы уэрэдри усэри ветеранхэм дежкІэ къапІэщ. Мазаем щыщІэдзауэ республикэм щекІуэкІ «Звездная эстафета Победы» Іуэхуми ныбжьыщІэхэр жыдэжру фыхэтыну фыкъыхузоджэ. ТекІуэныгъэ Иныр псэемыблэжу къытхуэзыхьа сэлэтхэр щІэблэм зыщывмыгъэгъупщэ, блэкІа зэманым къэхъуа гузэвэгГуэхэм зыщыфхъумэн папщІэ ар куууэ вджы, къэралым и пщэдэйр евгъэфІакІуэ.

Налшык къалэм и ковэ Маринэ, Гъуаджэхэмкіэ сабий школ №1-м и унафэщІым и къуэдзэ ЩІэвлокъуэ Маринэ, егъэджакІуэхэу Бицу Еленэ, Хъуромэ Маринэ, нэгГуэщІхэри.

Зэпеуэм и Гран-при-р хуагъэфэщащ Налшык къалэм и гимназие №29-м. Ягъ увыпІэр зэдагуэшащ гимназие №14-мрэ курыт еджапІэ №21-мрэ, етІуанэр - №6-мрэ №7-нэмрэ, ещанэр - №16-м, №27-м, №32-м, №11-м, лицей №2-м. Пашэ хъуа гупхэр, ныбжьыщІэхэр фестивалым хуэзыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэр ягъэльэпІащ. Абыхэм ираташ Егъэджэныгъэмкіэ департаментым и щІыхь, фІыщІэ хъилъхэмрэ кІалэ администрацэм и саугГэт льапІэхэмрэ. Апхуэдэуи еджапІэхэм я унафэщІхэм, абыхэм я къуэдзэхэм фІыщІэ тхылъхэр хуагъэфэщащ, фестиваль-зэпеуэр ирагъэкІуэкІыныкІэ дэЗэпыкъуэгъу зэрыхъуам, щІэблэм Хэку ГФІыуэ ялъагъуу зэрагъэсэм папщІэ.

Хэку зауэщхуэм и ветеран Хазан Борис егъэджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ ехъуэхъуащ ТекІуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэс 70 зэрырикъмкІэ. Ар къызэхуэсахэм ядэгугушащ, Хэку зауэщхуэм теухуа и гукъэкІыжхэмкІэ. Ветераным ныбжьыщІэхэм чэнджэщ яритащ, сыт хуэдэ къулыкъу пэрытми, къэралым, Хэкум, цІыхухэм яхуэщхьэпэу, хуей хъумэ, льахэм кІыщхьэщыжьыну хьэзыру псэуну.

Зэхьыхьэм хэтхэр зы дакъикъкІэ яхуэщыгъуащ Хэку зауэщхуэм хэкІуэдахэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэдэлэжьэныгъэр ирагъэфІакІуэ

Тезырхэр ирегъэхьэкІынымкІэ федеральнэ къулыкъум и Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэм и Жылагъуэ советым и зэІущІэ екІуэкІащ. Абы щыхэплъэжащ илъэс кІуам я лэжьыгъэм кърикІуахэм мкІи хъыбарегъащІэ секторыщІэ къызэрагъэпэщащ.

ЖЫЛАГЪУЭ советым и тхъамадэ, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къардэн Мухьэмэд** жиІащ, Урысей ФСИН и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и чэнджэщыр къызэрагъэсэбэныр, апхуэдэуи КъБР-мкІэ УФСИН-м и лэжьыгъэр нэхъ уэзщІауэ щІыхуэхэм я деж нэхъ сыным гулъытэ зэрыхуащІар. Советым щІэуэ хагъэхьащ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Маржэхъу Мухьэмэд зи кандидатурэхэр ядІыгъэхьащ.

Я лэжьыгъэм кърикІуахэм зэпкърыхауэ къытеувІащ УФСИН-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым и секретарь **Тхъуэт Леонид**. Абы къыхигъэщащ жылагъуэ зэгухьэныгъэр ведомствэм и Іэнатіэ псоми зэрапыщІар.

- Жылагъуэ советым щІыхь зиІэ и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир колониехэм концерт программэхэр къыщыізэригъэпэщащ, Іуэхущ1апІэм и Іэнатіэ псоми, СИЗО-ри хьихьуэ, я библиотекэхэм я фондым хэлъхьэныгъэ хуищІащ. Тезырыр езыхьэкІхэмрэ дин лэжьакІуэхэмрэ я зэІущІэхэр щыІащ. ЦІыхубз колониием щагъэлъэгъуащ тезырыр зыгъэзэкІуэжьхэм гуимыхуж ящыхъуа франджы балеринэ цІэрыІуэ, адыгэм къыхэкІа Черинэ Людмилэ теухуа «Одинокий лебедь» фильмыр. Вэрокъуэм колонием иритащ «Великие черкешенки Франции», «Аммашев аул» тхылъитІыр, - жиІащ Тхъуэстым.

УФСИН-м и Іэнатіэхэм къыдэкІыгъуэ къэс республикэ газетхэм я экземпляр 30 щІэнІшэу Іарагъэхьащ. ЦІыхуэм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэм и дэЗэпыкъуэгъу Таукенов Мустафа, КъБР-м и мусылъмэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэ Емкъуэ Анзор, Налшык дэт Симионовскэ члисэм и лэжьакІуэ Васин Олег сымэ, КъБР-м щыІэ УИС-м и унафэщІым цІыхух и хуитныгъэхэмкІэ и дэЗэпыкъуэгъу Бырмамыт Іэуес ящІыгъуу, 2014 гъэм и жэпуэгъуэм ягъэтІысахэм я хуитныгъэмрэ хабзэм ипкъ итКІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зэрагъэзащІэр, тезырхэр езыхьэкІхэр колониехэм къызэрыщызэгъэпэщар къащыташ. А махуэ дыдэм суд зытращІыхьахэм яхуэзащ.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и унафэщІ къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник **Маржэхъу Мухьэмэд** я зэдэлэжьэныгъэм папщІэ Жылагъуэ советым фІыщІэ хуищІащ, я ведомствэм и Іуэхущ1афэхэр нэхъ уэзщІэ зэхуну зэрыщыгугъри жиІащ.

Советым къыпэщыгт къаэнхэм Іуэхугъуэ 10 хагъэхьащ. Абыхэм яхэтщ иджы япэу ягъэзэщІэнуэхэр. Граждан жылагъуэм, ЦІыхуэм и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэ институтым, жылагъуэм я кІэлъыплъакІуэ комиссэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я зэпыщІэныгъэр зэтраухуащ.

УАРДЭ Жансурэт.

● Налшык

ЩІэджыкІакІуэхэр кърашалІэ

Налшык къалэ администрацэм гулъытэ щхьэхуэ хуещІ щыхьэрыпм къегъэщІыІа тхылъ хъумапІэхэр зыхуей хуэгъэзэным.

КЪАПЩТЭМЭ, ремонт хъарзынэ щрагъэкІуэкІащ Идарым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет, кІалэ библиотекэ нэхъыщхьэм и къудамэ №5-м. Абы щытыкІэр щыгугъут: унэ льэгугъэр пхьыхупат, электрокъарур зрикІуэ кІапсэхэм уагъэгузавэрт. Къалэ администрацэр къадэІэпыкъуурэ кърахьэлІа зэпыкъуэм щыгуфІыкІащ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я мызакъуэу, щІэджыкІакІуэхэр.

Библиотекэм илъэс куэд хъуауэ къакІуэ тхылъеджэхэм къахьхъуэ. Абы щылажьэхэм къызэрыхагъэщамкІэ, къаІэрыхьэ дэтхэнэ зы льэІури зэрагъэзэщІэным хущІокъу, чэнджэщхэри къалъытэ.

Тхылъ хъумапІэр курыт еджапІэхэмэ хъарзынэу ядолажьэ. ЩІэж-щІэхьуриуэ ирагъэкІуэкІ цІыкІуэр мы зэманым дэзыльэх литературэхэм ятеуауэ зэІущІэхэр, зэпсэльэныгъэхэр.

Мы гъэм ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 ирокъу, кІищынэмыщІауэ, Литературэм и илъэсу ар къагъэльэгъуащ. Библиотекэм абыхэм ятеухуа зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэр иригъэкІуэкІынущ икІи хущІэкъуэнущ щІэджыкІакІуэ ныбжьыщІэ нэхъыбэ къызэрыришэлІэным.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

Джэгум хуэзэшауэ щІадзэж

МИТОС (Новочеркасск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:2 (1:1). Іуэзв и къалэ стадион. Гъатхэпэм и 22-м. ЦІыху 700 еплъащ.

Судьяхэр Смирнов (Кисловодск), Наумов, Образко (тІури Ставрополь щыщІ).

МИТОС: Воронин, Ящук, Губанов, Хончагов, Матвеев, Васильев, (Руденкэ, 85), Смирнов (Казаченко, 8), Талалай, Крамаренкэ, Устинов, (Лазарев, 46), Козлов (Перевалов, 70).

«Спартак-Налшык»: Городовой, Кочнецов, Васильев, Дашаев, Каркаев, Къуэн З. (Огурцов, 74), Крыжевских (Гузь, 82), ДыщэкІ (Семенов, 71), Ахриев (КІыщ, 90), Бажэ (Алаев, 90), Гугуев.

Топхэр дагъэкІащ: Гугуевым, 19-пенальтикІэ (0:1). Крамаренкэ, 20 (1:1). Бажэм, 81 (1:2).

Дагъуэ къыхуащІащ ДыщэкІым.

Джэгум хахуащ Ящук.

5-нэ дакъикъэм Бажэм пенальтир хуэдэгъэкІакъым.

ГЪЭРЭ щІырэ щыізэхэкІ махуэм Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэм щыщІидзэжащ. МазиплІкІэ абы зыхуэзэгъэхьэзыра футболистхэр зэпеуэм хуабжьу хуэзэшауэ къыщІэкІащ икІи я джэгукІэм ар къигъэльэгъуащ. Нэгъабэ и кІэух зэІущІэм я стадионым щыджэгуу Псыхуабэ (Пятигорск) къикІа «Мэшыкъуэ-КМВ»-м 0:3-уэ къызэрыкигъэщІам «Спартак-Налшык»-м ихъ жэуапльныгъэр нэхъ иныж ищІырт - абы къыдэщІэкІ нап1э ящищІкІи хуейт ар зэрымыщІэкІэ къэхъуа Іэзэгугъуэ зэрыщытыр икІи хуэфэщэн дерс къызэрыхахар. Іуэхур ирырагъэзэкІуэжьныр хьэрэгъу бэлыхь къапэщІэхуат: зыхэт гупым пашэныгъэр щызыІыгъыу щІымахуэр изыха, нэгъабэ Налшык къыщІыГуам къыхэзыгъэщІа МИТОС-рат.

Мы зэІущІэр Новочеркасск щекІуэкІыкІи хуеящ, арщхьэкІэ хэгъэрейхэм я стадионыр тэмэму зэхьэзэхуэм зэрыхуамыгъэхьэзырам къыхэкІыу Іуэв къалэм ягъэІэпхъуащ. Ар ди щІалэхэм яхуэгугъурлыуэ къыщІэкІащ.

Джэгум и пэщІэдзэм къыгъэльэгъуащ мазиплІ дэкІами налшыкдэсхэм я губжьыр зэрытемыуар. Абыхэм занщІу къаруушхэкІэ ебгъэрыкІуэн ирагъэжьащ икІи еплІанэ дакъикъэм я ныкъуэкъуэгъуэхэр бэлыхь хадзащ - «Спартак-Налшык» и гъуащхьэуэхэр зэтраІыгъэн папщІэ МИТОС-м и гъуащхьэхъумэхэм футбол хабзэр я гъэм пэмыжьжьэу къызэпэудащ. Ар къызыІэщІэщІа Ящук джэгум къыхихури, судьям метр пщыкІуэм игъэльэгъуащ.

Ди командэм пенальтихэр щызыгъэзащІэ Бажэ Амир а къаэнэр и пщэ къыдэхуащ. ЕплІанэурэ, абы топыр тригъэтІысхьащ икІи и къару къызэрихькІэ лъэщу еуащ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар гъуэм хуэзакъым.

Дакъикъэ пщыкІутхукІэщ нашышкдэхэр я Іуэхугъуэм зэрырибэмпІар. Судьям аргуэру хэгъэрейхэм пенальтикІэ тезыр ятрилъхьащ. Абдежым Гугуев Магомед и кІэныр нэхъ къыщикІащ.

1:0-у ягъэ зэрищам «Спартак-Налшыкыр» игъэбелэрыгъащ. КъызэрыхэжаныкІар ди щІалэхэм ягъэлъэпІэху я хьэрхуэрэгъуэм топ къыхудагъэкІыжащ - 1:1. Иджы псори щІэрыщІэу къыщІэдзэжьын хуейт. Ар хуабжьу зэрыгугъур мы зэІущІэм къигъэлъэгъуащ.

Джэгур иухыным дакъикъипщІ къэнэжауэ арат «Спартак-Налшыкым» хэгъэрейхэм текІуэныгъэр къащыІэщитхъам. ЗэІущІэм и пэщІэдзэм метр пщыкІуэм и деж щыту икІи гуащхьэтетым фІэкІа къыпэщІэмыту топыр дзэымыгъэкІыфа Бажэ Амир ар хьэрхуэрэгъуэр къенькъуэкъуу нэхъ къехъулІащ.

Арати, 1:1-уэ ди щІалэхэр текІуащ. Абы и фІыгъэкІэ, къэнэжа джэгугъуитІым къарикІуэзэм емыльытауэ, «Спартак-Налшыкыр» зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм ягъэ дивизионым ІкІуэнхэм я зэпеуэм хэтыну хуитныгъэ зыІэригъэхьащ.

Иджы щыгъуазэ фахуэтщІынщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым мы гъэм ягъэу щызэхэта джэгугъуэм къарикІуа бжыгъэхэм: **«Таганрог»** (Таганрог) - **«Анжи-2»** (Махъачкъалэ) - **0:0**, **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Алания»** (Владикавказ) - **2:1**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Тэрч-2»** (Грозный) - **2:1**, **«Динамо ГТС»** (Ставрополь) - **«Ротор»** (Волгоград) - **2:0**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым къыхэзыгъэщІ. Ар къыдэІэкІэ гъатхэпэм и 28-м щызэхэтынущ. А махуэм ди щІалэхэм къарагъэблэгъэнущ зэхьэзэхуэм иужь дыдэ увыпІэр щызыІыгъ, ауэ иужьрей зэІущІэм «Алания»-р бжыгъэшхуэкІэ хэзыгъэщІа «Астрахань» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым «Ипщэ» зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Динамо-ГТС»	19	10	5	4	21-11	35
2. МИТОС	18	9	6	3	29-11	33
3. «Мэшыкъуэ-КМВ»	18	9	5	4	23-18	32
4. «Спартак-Налшык»	18	8	5	5	26-15	29
5. «Таганрог»	17	7	6	4	17-12	27
6. «Ротор»	18	6	5	7	23-22	23
7. «Анжи-2»	19	5	6	8	13-21	21
8. «Ангушт»	17	5	5	7	12-22	20
9. «Алания»	18	4	5	9	17-33	17
10. «Тэрч-2»	18	3	7	8	10-16	16
11. «Астрахань»	18	4	3	11	18-28	15

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «КъБР-м и ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІу комплекс центр» къэрал кІэзэнэ Іуэхущ1апІэм я лэжьакІуэхэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт телекомпаниер, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниер, «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпаниер, «Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащІэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэр, «Тетраграф» ООО тхылъ тедзапІэр КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и лэжьакІуэ **Щэуэй Сэтэней Мухьэмэд и пхум** хуогузавэ абы и адэ **Щэуэй Мухьэмэд Хьэсэн и къуэр** зэрыІам къыхэкІыу.

● Гу зылъытапхъэ

ЗэгурыІуэ хуэдэ щыІэкъым

2014 гъэм Налшык къалэм щІыху 413-м щетхьэкъуащ къезытым зэгурыІуэныгъэ ирамыщІыпІэу электрокъару къызэрагъэсэбэпам папщІэ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭР иджыри ІкІуэхэ. ЗэгурыІуэныгъэ зимыІэ Іэхъущ1апІэхэр токым занщІэу пагъэкІ. АбыкІэ, дауи, зэфІэкІыркъым - зэгурыІуэныгъэ электрокъару къагъэсэбэпын щыщІадза ялэ махуэм щегъэжьауэ хуэзэ къуэдыр хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэщ, хабзэкІэ ятын хуеям нэхърэ. Абы къыдэкІуэ электрокъарур пащІэжьын папщІэ щхьэхуэу ахъшэ Іах. Зэрыщытыр къапщтэмэ, 2014 гъэм апхуэдэ ахъшэу сом мелуан 14-м щигъу ятын хуей хъуащ.

Электрокъарур памыубыдын, къэудыхэр ямытын папщІэ хъэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэм «Къэббалъкъэнерго» ООО-м зэгурыІуэныгъэ щащІ хьунущ. ФыздекІуэлІэнум и хэщапІэр: Налшык къалэ, Щорсым и цІэр зезыхьэ уэрам, 6.

«Къэббалъкъкоммуникацэр» МУП-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

2015 гъэм щІышылэм и 21-м къищта унафэ №АКПИ 14-1367-мкІэ УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм щхьэщихащ урысейпсо олимпиадэм щытекІуэхэмрэ и призэрхэмрэ экзаменыншэу бакалавриатымрэ специалитетымрэ щІэтІысхьэхэмкІэ яІэ хуитныгъэм хуагъэува мардэр.

УРЫСЕЙМ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм 2014 гъэм мэлыхьыхьым и 28-м къыдигъэкІа унафэ №839-м егъэбелджылы 2015 - 2016 гъэ еджэгъуэм бакалавриатым, специалитетым, магистратурэм щагъэтІысхьэнухэр къызэрыхахыну щыкІэр. Абы къыщыгъэльэгъуащ школакІуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кІэух зэпеуэм щытекІуа-хэмрэ призэрхэмрэ экзаменыншэу щІэтІысхьэн папщІэ зэрытекІуам, приз увыпІэхэр зэрафыдам щыхьэт техъуэ дипломхэр къыщат хъунур тхылъхэр къыщыІахыр щиух махуэм ирихьэлІэу ахэр къызэрыхуагъэфащэрэ илъэсиплІым щІигъуауэ щымытмэ. Араущи, илъэсиплІ дэкІамэ, дипломым къару имыІэжу къыщІедз.

УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм къилъытащ абы лъабжьэ имыІэу. Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэр хуиткъым дипломым къару щІэ зэманыр игъэувыну. Пэжщ, министерствэм тегъэщІапІэ ещІ зэрырагъаджэ программэхэр зэпымыуу къызэрагъэщІэрэщІэжьыр, блэкІа илъэсхэм яГуэта щІэныгъэр жьы зэрыщхьэур, бакалавриатымрэ специалитетымрэ щыщІагъэтІысхьэкІэ, ЕГЭ-м курыкІуэхэм илъэсиплІкІэ фІэкІа къару имыІэу законым зэригъэувар.

Арщхьэкіэ УФ-м и Суд Нэхъыщхьэм а псори лъабжьэншэу кьелъытэ мы Іуэхум егъэщІылІауэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къару иІэкъым

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ аэрэ зытхахэм ящу жауэ яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьам.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьиныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущхуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (ехъулІэныгъэ зыхъ секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэхэр).

КъэдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкІ Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ** (*3, 4-нэ*)**, ІкъытІыкІ Азэмэт** (*1, 2-нэ*)*. Корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатІимэ.** *Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандз, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанныр.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №481